



Gíd Resous pou Florid
pou Fanmí Jèn Timoun Kí
Gen Pèt Tande



Pwogram Entèvansyon Bonè pou Tibebe ak Timoun • Depatman Lasante, Sèvis Medikal pou Timoun •
Sou adrès entènèt nan www.cms-kids.com

Gid Resous pou Florid pou Fanmi Jèn Timoun Ki Gen Pèt Tande

Remèsiman

Depatman Lasante Florid, Sèvis Medikal pou Timoun ta renmen remèsye Sistèm Nesans Jiska Twa Zan nan eta Konetikèt (Connecticut Birth to Three System), Fanmi pou Men ak Vwa nan Kolorado (Colorado Families for Hands & Voices), Depatman Edikasyon Kolorado (Colorado Department of Education) epi Depatman Lasante New Mexico—Pwogram Tande Bonè (New Mexico Department of Health-Hear Early Program) dèske yo te pèmèt Depatman Lasante Florid (Florida Department of Health) adopte kèk pati nan gid pa yo pou ka itilize nan Florid.

Pou jwen kopi gid sa a ou ka kontakte:

Department of Health
Children's Medical Services
Infant Hearing
4052 Bald Cypress Way, BIN #A06
Tallahassee, FL 32399-1707
(850) 245-4200
Email: Janet_Evans@doh.state.fl.us
Mesaj Elektwonik:
Web: www.cms-kids.com

SIJÈ KI NAN BWOCHI SA A

Entwodiksyon.....	4
Santiman.....	5
Pou Kòmanse.....	13
Tès Pou Tande.....	19
Pèt Tande.....	22
Kominikasyon.....	27
Ekip Entèvansyon.....	50
Teknoloji Ki Pou Fe Ou Tande Yo.....	54
Pou Vin Yon Bon Paran.....	64
Pran Fètèkòz Pou Pitit Ou.....	68
Konklizyon.....	71
Kèk Definisyon.....	73
Kèk Resous.....	84
Resous Lokal.....	85
Resous leta.....	88
Resous Nasyonal.....	90
Sit Entènèt.....	93
Telefòn Òganizasyon an.....	94
Kèk Katalòg.....	95
Kèk Liv.....	96
Kèk Videyo.....	101
Sous Finansyè.....	103
Apendis Yo.....	105
Odyogram.....	106
Efè Ki Kapab Rive Lè Yon Moun Pa Tande Byen.....	108
Kèk Sikjesyon Pou Kòmanse Vokabilè ya.....	113
Abilite pou li nan.....	114
Kèk Kesyon ak repons yo.....	115

Si w vle aprann plis sou pèt tande epi sou resous ki gen pou moun ki gen pèt tande...

Alò Gid Resous sa a se pou ou. Swa ou se yon paran ki jis dekouvri pitit ou gen pèt tande, yon pwofesè, yon anplwaye lekòl, yon doktè pou zòrèy, oswa yon moun nan kominite moun ki gen pèt tande, gid sa a ka ede w.

Silvouplè itilize gid sa a pou:

- Aprann plis sou pèt tande epi fason li afekte devlopman timoun
- Eksplòre chwa nan fason pou kominikasyon ki ekziste.
- Jwen liv ki ka ede w, resous ak asistans finansyè
- Aprann ti bagay ki ka pèmèt ou kominike
- Konprann responsabilite Pwogram Entèkansyon Bonè pou Timoun ak Tibebe nan Florid sou Pati C nan Ak pou Edikasyon sou Moun ak Andikap
- Ede nan devlopman Plan pou Sipò Fanmi an pou timoun ki gen pèt tande

Lè w ap gade gid sa a, ou ka vin genyen kesyon ak ide ou pat genyen anvan sa pandan w ap degaje w pou ogmante kalite lavi yon timoun ki gen pèt tande. Sonje tout chwa ak desizyon yon fanmi, se li ki pou pran l sèlman. Pa gen yon sèl "bon" fason nan chwa sèvis entèkansyon ki ka pèmèt yon timoun pou l gen siksè. Bezwen pitit gason oswa piti fi w, tankou bezwen fanmi an, ap chanje avèk letan epi li trè enpòtan pou konsidere desizyon w yo epi devlopman timoun lan tankou yon travay ki poko fini. Pa pè nouvo ide si pitit ou a pap pwogrese jan ou te vle a. Fason ou kominike ak timoun lan pa dwe depann de degre pèt tande timoun lan.

Kèlke swa laj timoun lan:

- Pale, chante epi jwe ak timoun lan. Sa amizan epi ofri yon fondasyon pou timoun lan aprann pale, koute epi tann tou pa l.
- Fè moun ki konnen epi ki gen eksperyans ak pèt tande teste zòrèy timoun lan.
- Byen vit fè yo mete ti aparèy oditif pou timoun nan. Ti aparèy yo ap ede timoun lan vin konprann son ki antoure l yo.

Dekouvri kisa ki bon pou devlopman pitit ak fanmi ou se sa ki meyè chwa a.

Nòt Otè a: Anpil nan mo ki nan gid sa a ka nouvo pou ou. Pandan w ap li gid lan, vire nan sekssyon definisyon ki nan dèyè gid la pou klarifikasyon.

SANTIMAN



Li pran tan pou sòti anba santiman ou genyen lè ou aprann pitit ou gen yon pèt tande. Ou paka fòse santiman sa yo pase vit. Konnen santiman yo pral pase. Piti piti w ap wè kouman pitit ou a nòmal epi aksepte tibebe w lan pou sa li ye a.

- ***Etap santiman yo***
 - ***Shòk***
 - ***Admèt***
 - ***Retablisman***

- ***Santiman Pisan Ede nou Geri, Ajiste, Kenbe la epi Aksepte***

- ***Temwayaj Paran***

ETAP POU SA KENBE

Majorite moun pa gen anpil eksperyans ak zanmi oswa fanmi ki gen pèt tande. Aprann pitit ou gen yon pèt tande ka fè ou pè. Anpil paran gen pwoblèm pou yo aksepte pitit yo gen pèt tande tande. Aprè doktè vin diagnostike yon timoun gen pèt tande byen, paran yo santi emosyon pisan. Anpil paran wè tèt yo pase plizyè etap emosyon ki enkli tristès, anksyete, konfizyon epi dekourajman. Emosyon sa yo NÒMAL epi pa gen okenn fòmil pou batay ak emosyon pisan sa yo.

Moun aji diferaman nan diferan sitiyasyon. Lè ou pèdi yon bagay ki enpòtan pou ou, tankou yon moun ou renmen, sante ou, travay ou, oswa rèv pou lavni ou, natirèlman ou santi ou pèdi yon bagay. Lè ou konprann diferan etap doulè epi aprann rekonèt nan ki etap ou ye, sa kapab fè ou batay pi byen ak emosyon ou santi yo.

Premye Etap: Shòk

Shòk ka premye reyaksyon ou, lè ou dekouvri pitit ou gen pèt tande. Pou kisa? Paske kounye a, ou genyen yon timoun ki gen plis pwoblèm pou l grandi byen. Ou pèdi yon bagay. Lè santiman shòk la diminye, ou ka kòmanse santi emosyon pisan tankou kolè, tristès oswa nye pwoblèm la. Ou ka pa vle kwè sa rive oumenm, pitit ou, oswa fanmi ou.

Dezyèm Etap: Admèt

Pandan etap sa a, ou rekonèt pitit ou gen yon bagay diferan ki afekte devlopman l, menm jiska koze yon delè nan fason li ka fonksyone pandan tout vi l. Lè yo remake pwoblèm lan bonè, anpil tibebe ki resewva aparèy pou ede yo tande, sèvis apwopriye bonè epi gen paran ki kominike avè yo souvan, pral antre lekòl ak sèlman ti pwoblèm langaj oswa ak okenn delè nan aprann ak langaj. Sepandan, souvan genyen pwoblèm nan etap devlopman nan vi timoun lan ki ka koze delè. Chak moun diferan!

Tout moun pa santi tout emosyon yo nan staj admèt la. Yo ka santi tristès, anksyete, kolè, kilpabilite, wont, blam, dezapwentman, doulè, etonman, konfizyon, enpisans, solitud, espwa, ak soulajman. Santiman sa yo NOMAL epi y ap diminwe nan entansite, diminwe nan fos ak pwoblèm yo koze nan vi ou. Pafwa, yon bagay ki pase ka fè ou santi santiman sa yo, men finalman y ap sispann.

Twazyèm Etap: Retablisman

Pandan etap retablisman an, ou aksepte pitit ou kòm yon moun ki gen pèt tande. Lè ou aksepte a, sa pa vle di kontan ak sitiyasyon an, men sa vle ou kapab batay pi byen ak delè epi difikilte yo ki ka vini parèt. Lè ou aprann òganize vizit doktè yo, lè ou aprann kisa ou bezwen fè pou ede timoun lan meyè devlopman l, jwenn bon pwofesè ak terapè, epi jwenn yon rutin, w ap santi mwens tèt cho epi w ap

aksepte wòl ou kòm paran. Lè ou remake santiman ou santi, s ap fè ou kontwole yo pi byen.

Santiman Pisan ede nou geri, ajiste nou, debwouye ou epi aksepte santiman yo

Li enpòtan pou konnen twa etap sa yo souvan pa separe epi pa gen santiman oswa aksyon ki asosye avè yo. Li nòmal, pafwa, retounen santi menm emosyon sa yo okòmansman. Reyaksyon paran yo, moun k ap bay swen yo ak lòt manm fanmi an, aprè yo aprann yon timoun soud, ka diferan. Ou ka vle eksplike, pale de santiman ou, alòske yon lòt paran kenbe yo anndan; li twouve l difisil pou l pale de santiman l yo. Aprè yon sèten tan, santiman panik yo ale epi gerizon kòmanse. Peryòd sa a, se kòmansman peryòd ou rebran tèt ou. Nan peryòd sa a, ou aprann epi pratike aksyon ki ka pèmèt ou ede pitit ou nan bezwen l.

Chache enfòmasyon epi pale ak fanmi ak zanmi de sitiyasyon a, se bon fason pou debwouye ou avèk sitiyasyon yo. Li kapab nesèsè pou mande moun deyò sipò yo. Pafwa, pale ak lòt paran ki gen timoun ki soud tou, trè bon pou paran ki fèk aprann pitit yo soud. Pafwa, si santiman ou genyen yo nan etap ou aksepte sitiyasyon an, tankou fristrasyon, enpisans, bay tèt ou manti, pa diminye men kontinye, li enpòtan pou paran yo chèche èd lòt moun; yo ka chèche konsèy, patisipe nan gwoup k ap bay sipò, oswa vizite pastè ak prèt, yon fason pou chèche soulajman.

Finalman, tan ki pase nan yon etap oswa yon lòt varye selon moun lan. Sa ki enpòtan pou konprann, sè ke degre moman ou pase nan yon etap ke yon lòt ka diferan de degre lòt moun ki antoure ou. Ou ka santi ou fristre detanzantan. Lè ou konnen santiman ou santi a, s ap ede ou pa aji pou move rezon. Chak fwa pitit ou fè yon pwogrè enpòtan, sa kapab afekte ou nan nouvo fason, epi ou kapab rekòmanse santi menm emosyon yo ankò. Aksepte pitit ou soud siyifi ou konprann epi aksepte reyalite pitit ou ap toujou soud pou tout lavi l. Men pa bezwen santre lavi ou sou sa sèlman. Lè yon moun soud, sa vle di sèlman gen sitiyasyon k ap rive kote bagay yo ap pi difisil pou pitit pa ou ke lòt timoun ki pa soud. Sa kapab yon pati nan lavi timoun lan ki akseptab.

Ekstrè epi adapte nan: John W. Adams (1988) You and Your Hearing Impaired Child: A Self-Instructional Guide for Parents, Gallaudet University Press, Wahsington, D.C.

Temwayaj Paran

Timoun ki benefisye lè yo Entèveni Bonè

Pa Ann Filloon

Mari m avèk mwen, se paran fyè de timoun enkwayab, toulède soud. Malerezman, eta kote nou abite a pat teste zòrey timoun lè yo fèk fèt. Similarite ant timoun yo, sè ke yo toulède itilize implant kokleyè la epi yo se frè ak sè. Yo toulède pran diferan chemen pou yo rive la. Yo wè pwoblèm tigason m lan lè l te genyen 22 mwa. Okòmansman, yo te mete nan bon zòrèy li a yon ti aparèy pou ede l tandè epi yon dezyèm aparèy 4 mwa pita. Lè l te gen 2 ½ an, pèt tandè l lan te ant fèb a sevè. Li te kòmanse aprann pale epi dousman li vin genyen abilite pou l pale. Paske nou pat aprann doktè, nou koute tout sa ekspè medikal yo di epi swiv konsèy yo.

Lè pitit fi nou a te fèt, nou teste zorey li lè l te genyen 3 mwa – ENT nou a te konseye nou sa. Tifi a te fèt bon soud! Apre shòk la fini pase epi boulvèsman santiman yo pase, nou santi nou prepare pou nou ede l nenpòt fason nou wè ki nesèsè. Li kòmanse mete ti aparèy lè l te gen 4 mwa epi li kòmanse terapi pou pale a 5 mwa. Mwen kòmanse li, fè rechèch epi rankontre lòt fanmi ki gen timoun soud. Mwen dekouvri tretman pitit mwen an ap resevwa pa apwoprye pou yon timoun ki soud. Nou pèdi tan enpòtan epi gaspiye plis pase yon ane sèvis òtofonni!

Se sèlman lè tigason an resevwa yon ti aparèy dijital ke tout vwa te anplifye nan nivo nòmal yo. Li te gen 5 an lè l te tandè nivo son pou lapremyè fwa! Pwoblèm soud la te kòmanse chanje epi vin pi mal. Finalman, li te kalifye pou yon ti aparèy kokleyè lè l te gen 7an ½ .

Lè nou te jwenn yon bon sant ki ka travay ak nou pou terapi, abilite pou l pale vini meyè rapidman. Li ratrape nan 7 mwa sa l te pèdi nan 2 an an epi answit ratrape yon lòt 2 an nan yon lòt 8 mwa! Pwogrè l te fèt te enkwayab!

Byenke tigason mwen an te gen yon pèt ant fèb ak sevè, ki finalman rive grav, li pèdi 2 an nan abilite pou l pale. Sè li a ki te fèt soud tout bon, te gen avantaj sèvis entèvansyon bonè, sèvis langaj, anplifikasyon apwoprye, finalman yon ti aparèy kokleyè lè l te piti, pa janm te pèdi plis tan ke 12 mwa! Abilite langaj li te devlope menm jan ak lòt timoun ki tandè byen. Lè l te gen 4 ½, li ratrape sa l te pèdi a. Kounye a li nòmal nan jadendanfan, l ap aprann li, jwe pyano, danse epi gen yon lavi sosyal nòmal pou yon timoun ki nan jadendanfan. Tigason nou an, se yon timoun ki nan 3èm klas prime ki konn bay blag, ki jwe tennis ak bezbol, k ap patisipe nan skout, jwe piano epi yon tigason nòmal.

Paske nou chèche enfòmasyon sou sèvis pou moun soud, nou jwen sèvis ki meyè pou bezwen fanmi nou an. Se te yon chemen long, byen long, men chak minit ak eksperyans te gen valè. Timoun nou yo se timoun yo ye anpremye, ki sèlman pa tandè menm jan ak nou.

Ann Filloon se koodinatè an chèf pou pousuiv ka yo nan Sèvis Medikal pou Timoun, Pwogram Entèvansyon Bonè.

Timoun ki benefisye lè yo gen yon ti implant Kokleyè

Pa Sherra Payne

Nevan de sa, nou te fè akeyi premye pitit nou nan fanmi nou avèk jwa epi eksitasyon. Mari m avè m te kontan avèk yon tibebe gason pafè. Jou pase aprè jou, nou te etone kouman li dòmi byenke nou te konnen li dòmi byen lè l espesyalman fatigue. Malerezman, nou te vin aprann lè l te gen sèt mwa rezon li pat sote nan domi akoz de bwi se paske li pat tande bwi a. Nan mwa Mas 1993, yo te dyagnostike l avèk pèt tande newosansoryèl. Kòm se premye fwa nou te paran, nou pat gen okenn ide okòmansman epi byenke nou vèl la pa shoke nou men nou mande tèt nou kisa, pou kisa, kouman epi kibo nou dwe mete tèt kounye an.

Ane aprè yo, nou kontinye chèche meyè metòd tretman pou tigason an epi fanmi an; nou chwazi metòd kominikasyon oral epi travay san fatigue pou nou ede Austin dekouvri son ak pawòl. Tout efò nou fè pat pwodui anyen epi aprè kèlke ane Terapi oditif vèbal epi aprè nou itilize meyè ti aparèy pou tande, nou te komanse konsidere posibilite implant kokley ki nan epòk sa a yo pat ko eseye pou timoun. Le 14 Me 1996 a 7 è dimanten nou mete tigason nou an nan men Dr. Thomas Balkany nan Institi Zorey nan Inivèsite Miami epi konsa nou kòmans sou chemen implant kokleyè a.

Yon mwa pita Austin resevwa yon PROCESSOR ekstèn epi li tande premye son l. Jou sa a rete flou nan lespri m men mwa ak ane aprè yo te tankou foto nan letan. Premye fwa li tande yo chase dlo nan yon twalèt piblik, premye fwa li tande frè l kriye epi nou te nan lòt kwen kay la, nuit kote li bo frè l pou l swete l bòn nuit epi lè Tristan di "Mwen renmen ou ak tout kè m" epi Austin te reponn "Mwen renmen ou kè m", bon nuit toubi aprè nou tenyen limyè yo epi li reponn "bòn nuit, mwen renmen nou." Jou pwofesè l te di m li se meyè timoun ki koute nan klas la epi tout lòt timoun yo vle chita bò kote l pandan tès dikte paske li repete fraz la toubi pandan l ap ekri l.

Kounye a, l ap fonksyone nan lekòl nòmal san èd sèvis sipò. Nou pa ale nan terapi plizyè fwa lasemenn. Li pran plezi pou li fè 100% nan kwiz avan gwo tès yo epi chak semenn pou li nan tounwa gwoup eple a. Pa lontan li fè de A+ nan tès dikte panyòl. Kounye a, li se jis yon timoun sou teren an lè yo ap jwe epi nan kan bezbol. Li kontan, li renmen moun epi anyen pa di l anyen. Moun ki pa konnen l mande pou kisa li mete ti aparèy tande sa a epi yo panse li tande byen nan yon zòrey. Lè moun mande, li di kòrektman, "Mwen pote zòrèy mwen yo deyò!"

Tout mirak sa yo posib pou Austin paske li itilize implant kokleyè a nan zòrey li epi sipò Ekip implant nan Inivèsite Miami a. Lè yo te fèk jwen Austin te soud 9 an desa, mwen te paran "yon timoun soud"...kounye a mwen se paran yon timoun ki pa tande. Sa ka pa sanble gen yon gran diferans, men mwen ka di ou kòm yon paran diferans lan enpòtan. Okòmansman pwoblèm soud la te sant lavi nou kounye a se yon ti pati nan woutin lavi nou.

Nou kontan pou opòtinite yo ofri nou kounye a ki pèmèt nou chwazi meyè bagay pou fanmi nou. Chak fanmi diferan, tankou chak timoun diferan men chwa tout fanmi se pou yo, se sa ki komen a yo tout. Depi nou pran yon desizyon. Li enpòtan anpil pou nou swiv chemen an epi bali 100% efò. Lè nou fè sa, timoun lan ap pwogrese nan tout potansyèl li epi gen posibilite pou li atenn bi li bezwen atenn nan lavi l. Pou paran k ap jis kòmans nan chemen sa a, bon chans epi koute kè ou.

Sherra Payne se Repezantan Paran nan Depatman Lasante nan Florid, Sèvis Medikal pou Timoun, Pwogram Entèkansyon Bonè, EHDl Pano pou Konsèy

Chwa nan pwoblèm Soud :

Pa Michele Love

Premye timoun mari m ak mwen te fèt nan ane 1989, non l te Kenneth. Nou te bali non granpè l. Nou te yon koup, kounye a nou te vin yon fanmi; nou te kontan anpil. Ken te yon bon tibebe ki dòmi byen, pa janm kriye anpil, trè atantif epi gade toutsa k ap pase. Lòt moun te toujou di kouman li te bon timoun; mwen sonje mwen te nan yon restoran avèk li epi yon patnè biznis mari m di "Gade sa, li pa menm reveye" aprè yon gason jete yon kabare plen manje atè prè tab nou an. Se apeprè nan epòk sa a, mari m ak mwen te kòmanse ap mande tèt nou si Ken pa gen pwoblèm pou l tandè epi lè l te gen 12 mwa, yo te jwen ofisyèlman li te soud nan nivo sevè jiska pwofon.

Se te yon trajedi pou fanmi nou. Nou pat konnen anyen sou pwoblèm soud, ni konnen pèsoun nan fanmi nou ki soud; nou pat konnen kisa k ap tann nou epi nou santi kòm si yo te frape nou amò. Mwen te ansent de mwa ak dezyèm timoun nou epi mwen fè yon pakèt tès pou asire li pat kontrakte CMV. Si CMV te kòz pwoblèm Ken la, li te ka gen yon efè sou timoun mwen t ap pote a; pwoblèm soud se youn nan pi piti efè viris la. Byenke nou pase anpil pwoblèm nan premye mwa nou te vin konnen Ken te soud la, nou te resevwa yon edikasyon sou infimite. Yo te mete aparèy pou ede Ken tandè epi Ellen, dezyèm pitit nou an, te fèt san pwoblèm.

Mwen pat janm imajine te gen tout chwa sa yo nan metòd kominikasyon epi diferan ide sou pwoblèm moun soud epi ki pèdi sans tandè. An 1989 lè Ken te fèt, pat genyen tès espesyal ke tout moun aksepte pou teste timoun ki fèk fèt; se chanjman ki pi bon ki fèt depi nou kòmanse gen pwoblèm la. Dezyèmman, mwen vin aprann ou pa dwe wè tout moun nan metye sa a tankou yon moun ki konn tout bagay epi ki san prejije. Chemen pa nou long, men mwen santi mwen beni akòz de pwoblèm Ken lan paske si li te fèt nòmal, mwen pat fè eksperyans sa a. Byenantandi, bagay yo pat sanble bèl epi jis nan moman sa a.

Yo te ban mwen enfòmasyon konsènan sèvis nan zòn lakay mwen; youn ladan yo te yon sant ki te espesyalize nan Fòmasyon Oditif Vèbal. Sa se yon opsyon pou paran ki vle itilize rezidi oditif yon timoun toujou genyen pou l aprann pale pa entèmedyè ekzèsis ak fòmasyon lakay doktè epi lakay li tou. Byenantandi, sa sanble yon chwa pafè pou nou! Mwen rele sant la, vizite yo, epi yo eksplike m ak bon fòmasyon pitit mwen an ap kapab tandè epi pale avèk èd aparèy oditif yo. Se yon pwogram strik kote yo pa ede timoun lan vizyèlman epi yon men kouvri bouch ou pou li pat depann sou li bouch ou. Nou ale nan pwogram sa a pandan dezan; nou te kondwi pandan 45 minit ale retou twa fwa pa semenn. Nou te kòmanse resevwa èd pwogram entèkansyon bonè konte a epi plizyè fwa chak semenn yon espesyalis te konn vini lakay nou pou li ede nou.

A laj de twazan, Ken pat pwogrese, li te sèlman di kèlke mo. Lekòl la te fè m konnen gen yon pwogram ki te itilize apwòch Oditif Oral. Metòd sa a te itilize fòmasyon oditif, men pèmèt pou vizyèl tou. Nou te deside chanje epi bay pwogram sa a yon chans paske nou panse ak poul vizyèl abilite Ken pou l pale ka vin pi bon. Nou te gen yon bon pwofesè ki te pasyan ak Ken epi te ede fanmi an anpil.

Nou rete nan pwogram oral la jiskaske Ken gen katran, men Ken pa janm pale toujou epi pa fè okenn pwogrè. Nou te konnen li te yon tigason entelijan, men li pat montre li vle pale. Nou te nan terapi prive entans anprive epi pa entèmedyè pwogram lekòl la. Te gen yon chanjman lè terapè la rele m pou li pale avè m. Li di jou sa a, Ken te vle yon ti jwèt chyen byen wo sou yon etajè. Pou li sa montre kisa li vle, li mete l sou de jenou l ak men l pou l imite yon chyen. Sa te fè m mal li patka kominike pou li di sa li vle. Avan sa, lot travayè lekòl te kòmanse di petèt li ta bon pou yo mete Ken nan klas Kominikasyon Total kote li va aprann langaj jès epi pale an menm tan. Mwen te kenbe rèv li t ap aprann pale yon jou; mwen te konvenk tèt mwen li t ap tankou tout lòt timoun, men sa te fè m mal, ak èd aparèy pou l tandè mwen te aprann li pap janm tankou yon timoun "nòmal". Nou te deside chanje nan pwogram Kominikasyon Total la epi lè m gade deyè se premye fwa mwen te konsidere Ken kòm yon timoun ki "soud". Mari m avè m te genyen anpil santiman nou te mete dekote pou nou sa fè l tounen yon timoun ki pale.

Ken te kòmanse fè pwogrè nan pwogram Kominikasyon Total la. Tout bagay ki pat gen etikèt oswa non te kòmanse fè sans pou li. Li te komanse eksprime l, sa l renmen, sa l vle. Mwen te kòmanse pran klas lang siy epi nou travay ansanm, menm granparan ak matant, monnonk, nou tout pran klas la. Nan mwen dennen, Kenny te kòmanse pale nan lang siy byen epi nou te ka wè li move mwens paske li ka kominike kounye a. Toujou li pat pale, men piti piti mwen te kòmanse aksepte ide sa ap oke.

Jodi a, Ken nan 6èm klas primè nan Lekòl pou Soud ak Avèg nan Florid epi li nan tèt klas la. Li ale nan lise lokal pou matematik ki se yon bon eksperyans pou li. Li naje epi li kouri pou lekòl la, li gen anpil zanmi isit la tou. Byenke li se yon timoun ki pale, li pa gen gran abilite pawòl, men mwen te deside li se mèt tèt li, kèlke swa fason nou kominike.

Mwen pa gen okenn regrè ak chemen nou te pran an pou rive la a, ni okenn regrè nan aprann lang siy kòm fason pou nou kominike. Li sa li ye a epi li kontan, li byen ajiste l epi gade li se yon tigason nan 6èm klas primè. Mwen pata chanje fason nou rive kote nou ye a, paske se yon pwosesis ki fè nou grandi epi anseye nou anpil bagay. Nou rankontre anpil bon moun; mwen espere nenpòt paran ak yon timoun yo fèk aprann gen pwoblèm la ap pran tan pou l eksplòre tout opsyon epi ranseye otan ke posib! Kominikasyon se kle a kèlke swa chwa fanmi ou fè. Li trè enpòtan pou ou ak pitit la kapab kominike san pèn kèlke swa metòd ak chemen ou chwazi pou rive la!

Michele Love se Paran Florid

Pou Lajwa

Pa Janet DesGeorges

Pitit fi m pa janm tande mwen di mwen renmen l pandan de premye ane lavi l. Se pa paske mwen pat renmen l, oswa mwen pat di l sa chak jou, men pito paske li te gen yon pèt tande nou pat konnen pandan dezan; li pat kapab tande moun k ap pale. Pat genyen okenn tès pou timoun ki fèk fèt nan lopital kote li te fèt la.

Mwen sonje siy li te bannou. Lè l te yon timoun toupiti, Sarah te konn mache sou televizyon an epi mete zòrèy li nan opalè a. Lè l antre nan yon chanm epi li t ap gade yon lòt kote, li te konn vire menmsi mwen te di "alo". Mwen te eseye frape chodyè dèyè tèt li epi lè li te konn vire tèt li, lapè mwen te genyen an ale. Lè m te panse ak soud, mwen te panse se swa li soud oswa li pa soud. Mwen pat reyalize Sara te ka gen pèt tande epi li te ka toujou tande bwi, san li pa tande pawòl. Anpil moun panse si yon timoun gen pwoblèm pou l tande paran yo ap konnen sa imediatman epi chèche èd pou timoun lan. Li te pran plizyè mwa avan mwen te finalman konnen te gen yon bagay ki pat mache. Mwen pa menm konnen pou kisa mwen pat chache èd pou pitit la lè m te kesyone abilite l pou l tande. Mwen devine se te espwa, si mwen tann tout bagay ap tounen byen.

Pandan epòk sa a nan lavi pitit fi mwen an, mwen sonje kouman mwen te fwistre paske mwen pat kapab kominike ak Sara epi mwen pat konprann pou kisa. Mwen se manman twa timoun epi m ap travay nan dekè depi kenzan, mwen te kwè mwen konnen kisa leve timoun ye. Alò, se te yon mistè pou mwen paske mwen patka konprann Sara lè l te vle yon bagay. Epi paske li patka swiv direksyon ki pi senp yo, sa te yon epòk iritan nan lavi nou.

Lè m panse ak de premye ane nan lavi tifi mwen an, gen milyon emosyon ki monte nan kè m jiska jodi a. Mwen blame tèt mwen paske mwen pat pouswiv kesyon pwoblèm Sara a te poze. Tristès pou tifi a paske li pat genyen yon langaj pou l itilize pandan peryòd devlopman l. Kolè paske lopital kote li te fèt la pat genyen yon tès ki te ka chanje lavi fanmi an epi petèt lavni tifi an. Si nou te konnen te gen yon bagay diferan ak tifi nou an, nou te ka fè yon bagay bonè pou fasilite kominikasyon okòmansman. Mwen si iritasyon nou te santi pandan peryòd dezan sa a, si nou konnen, pa t ap rive.

Lè yo te finalman jwen pwoblèm pitit fi mwen an, èd fanmi resevwa nan men entèvansyon bonè te ede nou ranje lespri nou. Nou te resevwa enfòmasyon san prejije pou ede nou fè yon plan pou edikasyon tifi a epi bannou zouti pou nou ede l reyisi lavi l. Nou remèsye moun ki te bannou èd pwofesyonèl yo, men ki te respèkte chwa fanmi an te fè, chwa nou te panse ki te apwopriye pou nou.

Mwen panse aprè tout bagay, lè ou dekouvri ou genyen yon timoun ki soud, ou dekouvri se pa yon malè. Se sèlman yon pati nan sa timoun lan ye. Li pa chanje fason ou renmen oswa akseptè pitit ou. Li pa chanje espwa ak rèv ou gen pou pitit ou epi kisa y ap tounen. Ou sèlman ouvri kè ou pou aprann yon fason diferan pou aji ak sa ki antoure ou. Gen yon jwa lè ou dekouvri kilès pitit ou ye pandan l ap grandi epi mwen swete mwen te genyen opòtinite sa a, pou mwen konnen pitit mwen, yon soud, depi ledebi. Pou lanmou lajwa, annou idantifye tout timoun ki soud oswa ki gen pwoblèm tande depi yo fèt, konsa fanmi yo ak kominote yo ka aprann dè ledebi kouman pou yo pase mesaj sa a..."Mwen renmen ou."

Janet DesGeorges se yon Konseye pou Paran nan Pwogram Pwoblèm Tande nan leta Kolorado www.handsandvoices.org.

POU KÒMANSE



Yon reyaksyon anpil paran genyen lè yo aprann pitit yo gen pèt tande, yo sispann pale, chante oswa fredone pou li. Se yon reyaksyon nòmal, men yon timoun ki gen pèt tande bezwen tou sa yon timoun nòmal bezwen. Li bezwen souri w, jès ou, pale, jwe, pou ou reponn ak sa li santi, aksyon l epi bwi li fè. Timoun ki gen pèt tande bezwen yo antoure yo ak plis langaj ak bwi pou yo sa konprann epi idantifye modèl son yo ka konprann. **Sonje pitit ou se sèlman yon timoun ki gen yon pèt tande.**

- *Idantifye pwoblèm lan bonè epi dyagnostike l enpòtan*
- *Kilès ki ka ede?*
- *Reyaksyon Timoun ki Gen Pèt Tande*

Li empòtan pou Idantifye pwoblèm lan bonè epi dyagnostike l.

Lalwa mande yo dwe teste zorèy tout tibebe ki fèt nan lopital nan Florid a nvan yo kite lopital la nan 30 premye jou lavi yo. Tès sa a pa gen doulè ladan l epi yo fè l lepli souvan lè tibebe a ap dòmi; tès la detèmine si chak zòrèy yo fonksyone byen. Si yon tibebe pa pase tès sa a, li dwe pase yon evalyasyon son konplè yon pedyat odyològ ap fè pou l konfime oswa nye gen yon pèt tande; epi si sa konfime, li pral detèmine degre pèt lan.

Kilès ki ka ede?

Li enpòtan pou chwazi doktè ak lòt pwofesyonèl yo ak swen. Sa ki pa konnen dènyè teknik yo ak nouvo metòd yo ka panse ou dwe tann lè pitit ou pi gran pou detèmine pèt tande an, mete aparèy pou tande nan zorèy li, oswa pou kòmanse chèche sèvis yo. Li enpòtan pou santi w konfòtab ak doktè ou chwazi a paske yo pral fè pati ekip moun ou pral travay avèk yo pandan plizyè ane. Pa gen pwoblèm pou poze yo kesyon epi atann pou repons yo fasil pou konprann. **Lis pwofesyonèl ki bay swen ki site anba a ka travay avèk ou epi fè pati ekip entèkansyon w lan. Youn sèl moun ka ranpli plizyè wòl nan ekip la.**

Pedyat Odiolojis

1. Li se yon espesyalis nan travay ak tibebe epi timoun epi evalye sans tande yo nan chak zorèy nan yon etandi de plizyè frekans.
2. Fè rapò a Pwogram Entèkansyon Bonè pou Tibebe ak Timoun.
3. Ofri aparèy pou tande pou pitit ou atan epi pèmèt ou eseye yo.
4. Fè kopi anndan zorèy timoun lan epi founi l kopi ki byen ajiste.
5. Gen aparèy tande ki disponib pou prete.
6. Gen resous pou repare aparèy tande san tade.
7. Gade rezilta tès odyogram lan ak fanmi w nan moman evalyasyon an.
8. Bay yon rapò pa ekri ak kopi tès odyogram lan atan.
9. Tèste zorèy pitit ou pandan l mete aparèy la epi kesyone paran sou reyaksyon timoun lan ak son nan kay la.
10. Li konnen règleman pou devlopman Plan Sipò Fanmi epi pou jwenn aparèy pou tande oswa teknoloji pou ede.
11. Travay ak ekip entèkansyon an epi travay ak espesyalis pou sive ye epi kenbe an bon eta sistèm anplifikasyon yo (aparèy tande, sistèm FM, implant kokleyè yo)

Pedyat/Doktè Familyal

1. Refere w a yon odyolojis ki gen eksperyans nan teste tande tibebe ak timoun piti lè ou kòmanse poze tèt ou kesyon konsènan pwoblèm tande pitit ou an.
2. Reponn kesyon ou yo sou operayon oswa tretman medikal diferan kalite pèt tande.
3. Konfime bezwen pou aji vit selon bezwen anplifikasyon epi entèkansyon bonè depi yo te jwenn pitit ou an gen pèt tande.
4. Trete oswa refere pitit ou a bay yon espesyalis medikal nan zafè zorey lè pitit ou gen maladi nan zorèy mwayen.

5. Refere timoun lan a Pwogram Entèvansyon Bonè pou Tibebe ak Timoun, oswa asire yo te refere timoun lan pou sèvis sipò yo ka kòmanse.
6. Patisipe kòm yon manm ekip Plan Sipò Fanmi (FSP) epi siyen FSP a pou chak timoun k ap resevwa sèvis nan Pwogram Entèvansyon Bonè pou Tibebe ak Timoun.

Otolarengolojis oswa Doktè Zorey, Nen, Gòj

1. Konfime si wi ou non genyen yon pwoblèm medikal ki ka trete nan zòrèy ekstèn oswa mwayen pitit ou ki lakòz pèt tande a.
2. Reponn kesyon ou yo sou operasyon oswa tretman medikal diferan kalite pèt tande.
3. Siyen yon fòm ki otorize itilizasyon aparèy pou tande nan zòrèy pitit ou a (lalwa mande sa anvan yo mete aparèy nan zòrèy yon timoun)
4. Fè lè rantre oswa mete tib PE nan tenpan zòrèy pitit ou an si li genyen yon maladi kwonik nan zòrèy mwayen an ki pap geri atan ak antibyotik. Preskri antibyotik tou epi fè lòt kalite operasyon nan zòrèy, nen ak gòj.

Oganizasyon medikal ki ofri sèvis Entèvansyon Bonè

1. Ofri enfòmasyon sou pèt tande, odyogram, chwa anplifikasyon ak kominikasyon epi pwoblèm devlopman tal.
2. Ofri sipò pou fanmi yo.
3. Ede w jwenn sèvis epi idantifye resous ki ka ede w.
4. Travay ak ekip entèvansyon an pou devlope plan entèvansyon ki apwopriye pou fanmi w.

Òganizasyon Medikal ki Sèvi Tibebe ki gen Pwoblèm Tande (SHINE)

1. Ede w konprann pèt tande ak odyogram lan.
2. Ede w genyen, konprann epi kenbe an bon eta aparèy pou tande.
3. Ofri enfòmasyon sou meye fason pou paran aji ak timoun.
4. Konsidere chwa nan kominikasyon ak fanmi ou.
5. Ede w ak sèvis entèvansyon bonè.
6. Ofri konpreyansyon ak sipò pou fanmi an.

Espesyalis nan Pawòl ak Langaj (SLP)

Yon Espesyalis nan Pawòl ak Langaj ki gen eksperyans travay ak timoun epi tibebe ki gen pèt tande dwe santi l alèz pou fè bagay ki pral site la yo anba a.

1. Dekri sèvis pawòl langaj ki ofri epi devlope yon plan tretman pou devlope abilite langaj ak pawòl pitit ou pa mwayen aparèy ki anplifye tande.
2. Baw yon tan kote tretman ap kòmanse epi ap fini.
3. Ede pitit ou aprann tande pa mwayen egzèsis oditif epi itilize omaksimòm rezidi oditif.
4. Dekri kouman fanmi ou pral ede nan devlope abilite pitit ou pou l kominike. Di ou ki wòl ou nan devlopman abilite kominikasyon pitit ou epi kisa y ap atann de fanmi w.

5. Reponn, lè sa posib, a kesyon w sou kouman pèt tande pitit ou a pral afekte fason li kominike (devlopman pawòl ak langaj), li aprann, patisipe nan lekòl ak lasosyete.
6. Pale kouman pwen fò ak bezwen pitit ou an epi pwen fò ak bezwen fanmi an pral detèmine aktivite k ap ankouraje timoun lan devlope abilite l pou l pale.
7. Dekri tout teknik ak aktivite yo pral itilize pou yo ede pitit ou an aprann tande epi kominike.
8. Estimile devlopman langaj pale.
9. Koute sa ou obsève ak bagay ki konsène w sou pitit la epi pale de sa avèk ou.
10. Travay ak odijoloji la pou ede pitit ou an aprann itilize aparèy pou anplifye son yo epi asire w aparèy pou tande pitit ou an ap mache byen.
11. Pran nòt sou pwogrè timoun lan nan devlopman abilite l pou l kominike
12. Ofri oumenm ak pitit ou bon enfòmasyon sou meyè fason pou devlope kominikasyon ki ka ede pitit ou an aprann tande epi genyen abilite pou l kominike/pale byen.
13. Baw sipò nan moman difisil.
14. Travay avèk ou epi avèk ekip entèvansyon bonè a epi avèk tou espesyalis entèvansyon bonè yo pou devlope estrateji ki santre sou fanmi an epi k ap ede pitit ou nan bezwen pou l aprann pale bonè, bezwen langaj li epi bezwen pou l pale.

Terapis Oditif-Vèbal

Dwe konfòtab pou l fè tou sa yon doktè langaj ak pawòl fè plis bagay ki nan lis anba a :

1. Itilize yon plan tretman oditif vèbal pou devlope abilite langaj ak pawòl timoun ki genyen pèt tande pa mwayen itilizasyon omaksimòm aparèy ki anplifye tande.
2. Travay dirèkteman ak pitit ou epi fanmi w pandan l ap anseye ou teknik oditif vèbal pou sipote devlopman abilite pitit ou pou l pale, abilite pou pawòl li epi abilite kognitif.

Pwofesè timoun ki gen pwoblèm pou yo tande (Soud)

Anpil pwofesè timoun ki gen pwoblèm pou yo tande pa janm travay ak ti bebe oswa timoun piti oswa sèlman konfòtab pou yo anseye nan fason nòmal.

1. Devlope estrateji ki santre sou fanmi an epi anseye paran yo kouman pou yo ede pitit la devlope abilite l pou l kominike, pou l tande, devlope langaj epi pawòl.
2. Ofri kontak moun nan kominote a ki gen pèt tande epi a òganizasyon ki ofri sipò.
3. Ofri enfòmasyon sou pèt tande epi sou efè l sou estrateji edikasyon ak ansèyman.

Lòt Paran Timoun ki Genyen yon Pèt Tande

1. Pataje eksperyans yo fè ak pwofesyonèl yo epi ak moun nan pwogram entèvansyon bonè.
2. Pale ou de moun ak sous enfòmasyon yo jwenn ki te itil.
3. Koute w.
4. Pataje avèk ou santiman yo sou elve yo n timoun ki gen pèt tandè epi kouman santiman yo vin chanje avèk letan.
5. Pale ou de pwogrè pitit yo.
6. Jwenn ak ou yon kote pou pitit ou sa jwe ak pitit pa yo.

Fanmi W

1. Ede pitit ou devlope abilite pou l kominike epi abilite sosyal li lè l patisipe nan woutin chak jou nan kay la.
2. Ankouraje pitit ou kominike lè w kominike sou aktivite chak jou yo.
3. Bay egzanp nan fason natirèl moun pale.
4. Pèmèt ou pran yon moman pou repoze w.
5. Tande sa ou gen pou di, ofri sipò ak konpreyansyon.


Reyaksyon Timoun ki Gen Pèt Tande

Gen kèk timoun yo pap ka idantifye nan depistaj nan lopital la paske yo pral devlope pèt tandè pita. Lis anba a, se lis aksyon ki pafwa endike yon timoun genyen yon pwoblèm pou l tandè. Si repons lan se “non” a kesyon anba yo epi timoun lan pa fè yon evalyasyon odyolojik konplè, ou dwe pale ak doktè w sou nesetite pou timoun lan fè yon tès ak yon pedyat odyolojis.

Menm yon pèt tandè ki pa sevè oswa yon pèt tandè nan yon sèl zòrèy ka afekte abilite pou pale ak devlopman langaj.

- **3 mwa** : Èske pitit ou sote oswa kriye lè gen bwi fò touprè l epi èske pitit ou an reyaji lè l tandè bwi oswa vwa w?
- **3 mwa** : Èske pitit ou renmen jwèt ki fè bwi epi èske pitit ou an vire pou l gade kote yon son ap sòti?
- **9 mwa** : Èske pitit ou vire gade lè ou rele non l epi èske pitit ou an konprann lè ou di “non” oswa chanjman nan ton vwa w?
- **12 mwa** : Èske pitit ou balbisye epi fè son epi èske pitit ou an konprann non bagay senp tankou “gode” oswa “soulye”?
- **15 mwa** : Èske pitit ou an konprann lè ou bali direksyon senp epi èske pitit ou di ti pawòl senp?

TÈS POU TANDE



Li enpòtan pou fè yon tès tande pou pitit ou leplito posib. Pa gen timoun ki twò jèn pou yo teste tande yo! Chache yon odyolojis ki genyen eksperyans ak tibebe epi timoun piti. Paske yo pap kapab fè tout tès yo yon sèl kou, plizyè vizit dwe fèt pou konplete tès yo. Santi w lib pou poze kesyon sou sa tès yo ap mezire a, kouman yo fè tès yo, kisa y ap chèche epi kouman pou li rezilta yo.

- ***Kalite tès pou Tande***

Kalite tèspou Tande

Non tèsla	Pwosedì	Fòmarezilta yo	Laj Apwopriye a
Son Metòd potansyèl evoke twon serebral la (ABR an anglè)	<ul style="list-style-type: none"> • Pa mande okenn reyaksyon volontè de timoun lan • Yo mezire reyaksyon an ak elektwod nan tèt li • Yo prezante son yo nan ekoutè 	Liy k ap monte desann ki montre reyaksyon nè oditif la (CN VIII an anglè)	<ul style="list-style-type: none"> • Timoun anba 3-4 mwa san anestezi • Tibebe ak timoun pitit pase 3-4 mwa, yo itilize anestezi dòdinè
Emisyon son otomatik nan zòrèy la (OAE an anglè)	<ul style="list-style-type: none"> • Pa mande yon reyaksyon volontè de timoun lan • Yo mezire reyaksyon an ak yon ti aparèy nan kanal zòrèy la • Son yo sòti nan menm ti aparèy la • Pa detèmine valè sans tande timoun lan pèdi • Detèmine si gen pèt tande 	Grafik ki montre reyaksyon zòrèy entèn la	<ul style="list-style-type: none"> • Tibebe ki fèk fèt, timoun piti, tibebe, timoun pi gran. Pa bezwen anestezi • Timoun lan dwe rete san mouvman epi silansye pou yon minit
Immittance Measures Mezi Imitans	<ul style="list-style-type: none"> • Pa mande yon reyaksyon de timoun lan • Yo mezire reyaksyon an ak yon ti aparèy nan kanal zòrèy timoun lan • Son yo sòti nan menm aparèy la • Yon òdinatè mezire jan tenpan yo reyaji kont diferan presyon • Pa mezire pèt tande- endike eta zòrèy mwayen an 	Graf ki montre reyaksyon tenpan kont chanjman nan presyon lè a	<ul style="list-style-type: none"> • Tibebe (omwens 7 mwa daj), timoun piti, ak timoun ki pi gran. Pa bezwen anestezi • Timoun ki gen mwens pase 7 mwa sèlman si yo itilize aparèy ki gen wo frekans

Non Tès la	Pwosedì	Fòm rezilta yo	Laj Apwopriye a
<p>Odyometri Obsèvasyon Konpòtman (BOA an anglè)</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Mande yon reyaksyon enkondisyonèl de timoun lan –zye l ki vin gran; tèt li ki vire • Fèt nan yon chanm ki pa kite son penetre • Son ki kondui pa ekoutè oswa opalè ak ton epi volim varye (de yon odyomèt) • Estime degre pèt tande 	<p>Odyogram— Nivo ki pi silansye kote timoun lan ka detekte son nan ton diferan yo.</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Pi jèn pase 6 mwa daj. Yo ta dwe itilize l an konbinezon avèk ABR, OAE epi Mezi Imitans pou ka verifye prezans yon pèt tande
<p>Odyometri Ranfòsman Vizyèl (VRA an anglè)</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Mande yon reyaksyon kondisyone (gade yon jwèt ki limen) • Fèt nan yon chanm ki pa kite son penetre • Son ki kondui pa gwo opalè, ekoutè, oswa yon ti vibratè ak volim epi ton varye pa yon odyomèt • Yo detèmine degre pèt tande 	<p>Odyogram – nivo ki pi dou yo kote yon timoun reyaji kont diferan ton</p>	<ul style="list-style-type: none"> • 6-30 mwa
<p>Odyometri Kondisyone pou Jwe (CPA an anglè)</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Mande yon reyaksyon kondesyone (voya yon boul nan yon bokit) • Fèt nan yon chanm ki pa kite son penetre • Son ki kondui pa gwo opalè, telefòn, ekoutè, oswa yon ti vibratè ak volim epi ton varye pa yon odyomèt • Yo detèmine degre pèt tande 	<p>Odyogram – nivo ki pi dou yo kote yon timoun reyaji kont diferan ton</p>	<ul style="list-style-type: none"> • Omwen 18 mwa

PÈT TANDE



Teste tande yon timoun epi mete aparèy oditif pou li se yon yon bagay ou fè yon sèl fwa, men se yon pwosesis. Ou pral jwenn enfòmasyon itil apati obsèvasyon w sou reyaksyon pitit ou a son, pandan l mete aparèy oditif la. Pran nòt epi pataje enfòmasyon sa a avèk odyolojis ou an. Konprann kalite ak degree pèt tande a pèmèt timoun ou an mete aparèy oditif ki meyè pou li.


- ***Kouman Nou Tande***
- ***Aprann sou Pèt Tande***
- ***Degree Pèt Tande ak Efè Potansyèl***

Kouman Nou Tande

Son vwayaje nan lè a sou fòm ond frekans varye. Frekans ond sa yo detèmine ton son nou tande. Ond akoustik yo antre nan zòrèy ekstèn lan (Gade nan Dyagram Zòrèy la) atravè kanal zòrèy ekstèn nan (#1) epi yo transmèt nan zòrèy mwayèn nan. Son dirije nan tenpan an (#2). Mouvman ond akoustik lan koze tenpan an vibre. Vibrasyon sa a koze twa ti zo deplase devan dèyè nan zòrèy mwayèn nan.

Vibrasyon mekanik sa a dirije ansuit nan zòrèy entèn nan, kokle a (#4). Kokle a double avèk yon manbràn ki gen dèmilye selil oditif sou li. Bi selil oditif yo nan kokle a se pou kode yo nan yon siyal elektrik sèvo a ka rekonèt. Selil oditif yo genyen fib nè nan Nè Oditif la (#5) ladan yo ki chanje enèji mekanik ond akoustik nan enèji elektrik. Enèji elektrik sa a estimile nè a epi voye yon siyal ki reprezante ond akoustik la nan sèvo a.

Zòrèy ki fonksyone nòmalman an reponn yon varyete frekans (ton) ak entansite (bri). Pèet tande jeneralman redui entansite yon son eoi ka afekte diferan etandi frekans, tou depann de kalite ak degreè pèt tande a.



Aprann sou Pèt Tande

Ekipe entèvansyon w lan dwe ede w aprann sou nati pèt tandè pitit ou an.

Genyen diferan kalite pèt tandè. Yon timoun ka genyen yon pèt tandè kondiktè, yon pèt tandè newosansoryèl, oswa yon pèt tandè melanje. Tout kalite pèt tandè redui bri nan kèk son oswa elimine kapasite pou tandè diferan ton oswa pou tandè pawòl klèman. Yo ka kategorize pèt tandè yon timoun nan youn nan degre sa yo: fèb, modere, sevè oswa pwofon. Pèt tandè a ka nan yon zòrèy (pèt inilateral) oswa nan toulède zòrèy yo (pèt bilateral). Pèt la ka tanporè oswa pèmanan.

Pèt Tande Kondiktè

Yon pèt tandè kondiktè rive lè genyen yon pwoblèm nan zòrèy ekstèn oswa zòrèy mwayèn nan. Koz pèt tandè kondiktè ki pi komen nan jèn timoun se enfeksyon zòrèy mwayèn nan yo rele antrit. Yo defini antrit kòm yon enflamasyon zòrèy mwayèn nan, souvan avèk likid, ki ka oswa ka pa enfekte. Pwoblèm nan komen anpil nan jèn timoun epi se rezon ki fè anpil moun al ka pedyat. Li enpòtan pou yon doktè trete enfeksyon zòrèy leplivèt posib pou redui pèt tandè potansyèl. Pifò timoun pral genyen enfeksyon nan zòrèy mwayèn nan. Men gwo pwoblèm rive lè enfeksyon an dire pou plizyè mwa, malgre tretman medikal. Lè plizyè enfeksyon zòrèy rive anvan laj 18 mwa, gen posiblite pou timoun nan gen pwoblèm devlopman abilite pou tandè, kèk son pawòl, devlopman langaj ak abilite pou li bonè.

Genyen lòt kalite pèt tandè kondiktè nan timoun. Kèk timoun fèt avèk yon anomali fizik nan zòrèy mwayèn oswa ekstèn nan. Sa ka paka trete avèk operasyon jiska laj 6 an epi souvan jiska nan adolesans, sa kite timoun sa yo avèk yon pèt tandè jiskaske operasyon an fèt.

Pèt Tande Newosansiryèl

Pèt tandè newosansiryèl rive lè zòrèy ekstèn nan (kokle) oswa nè oditif la malfòme oswa te andomaje. Genyen anpil kòz bonè pèt tandè newosansiryèl ikonpri pèt oksijèn pandan akouchman, pwa nesans ki ba anpil, eritaj, ak viris matènèl oswa itilizasyon dwòg (patikilyèman nan premye douz semen gwosès la). Yon timoun ka fèt avèk tandè nòmal epi vin gen yon pèt akòz yon maladi viral tankou mennenjit oswa kontak ak kèk medikaman. Genyen tou kèk kondisyon timoun nan erite ki asosye avèk pèt tandè newosansiryèl pwogresif (plis pèt tandè avèk le tan). Timoun ki gen pèt tandè newosansiryèl bezwen resevwa anplifikasyon apwopriye ak administrasyon odyolojik dèke yo idantifye pèt tandè. Nenpòt ki degree pèt tandè a ye, oswa si pèt tandè a se sèlman nan yon sèl zòrèy, administrasyon odyolojik dwe enkli tès oditif kontinyèl ak vizit suivi, referans pou vizit medikal suivi, eseyaj pou aparèy oditif, ak kontwòl efikasite anplifikasyon.

Pèt Tande Melanje

Lè yon timoun genyen ni pèt kondiktè a newosansoryèl nan menm zòrèy la, yo rele sa yon pèt tande melanje. Timoun ki genyen pèt tande newosansoryèl pèmanan siseptib otan pou yon fè enfeksyon nan zòrèy mwayèn nan ak timoun ki gen tande nòmal epi yo ka ajoute yon pèt tande kondiktè sou pèt tande newosansoryèl yo genyen deja a. Yon pedyat odyolojis pou timoun nan dwe teste regilyèman tout kalite pèt tande kòm yon pati nan administrasyon odyolojik timoun nan.

Rechèch yo montre klèman yon chwa kominikasyon pa dwe baze sèlman sou degree pèt tande a.

Degre Pèt Tande ak Efè Potansyèl

DEGRE PÈT TANDE	EFÈ POTANSYÈL
FÈB 26-40 dB	Ka gen difikilte pou tande pawòl ki fèb oswa ki lwen. Yon timoun ki genyen yon pèt tande ki fèb ka rate jiska 10% nan siyal pawòl lè moun k ap pale a a yon distans ki plis pase twa pye, oswa si gen bri nan anviwonman an. Kominikasyon ak kad edikasyonèl ka poze kèk difikilte tou. Konsidere bezwen pou aparèy oditif ak entèvansyon.
MODERE 41-55 dB	Konprann pawòl konvèsasyon a yon distans de 3-5 pye. Anplifikasyon ka ede moun k ap tande a pou l tande epi disène tout son. San anplifikasyon, li ka manke 50% a 100% nan siyal pawòl yo. Entèlijiblite pawòl ka afekte amwenske li anplifye omaksimòm.
MODERE/SEVÈ 56-70 dB	Konvèsasyon an dwe fò anpil pou ka tande sa anplifikasyon. Yon pèt 55 dB ka vle di ou manke 100% nan siyal pawòl yo nan yon sitiyasyon kote genyen yon konvèsasyon. Lè gen anplifikasyon, ka gen difikilte nan kad ki egzije kominikasyon vèbal, espesyalman nan gwoup ki laj. Ou ka atann Delè nan lang pale ak entèlijiblite pawòl san entèvansyon ak anplifikasyon.
SEVÈ 71-90 dB	Si pèt la pre-leng (sa vle di anvan timoun nan kòmase aprann pale) langaj pale ak pawòl ka pa devlope espontaneman, oswa li ka retade sevèman. San anplifikasyon, moun nan konnen vwa fò ki a yon distans apeprè yon pye de zòrèy la, men gen plis chans pou apiye sou vizyon pou kominikasyon. Avèk itilizasyon anplifikasyon avèk konsistans, atansyon paran an pou estrateji kominikasyon, avèk yon anviwonman kominikasyon efikas, devlopman langaj ak pawòl ka devlope pou yo vin nòmal oswa tou prè nòmal.
PWOFON 91 dB oswa plis	Si pèt la pre-leng langaj pale ak pawòl pa pral devlope espontaneman. San anplifikasyon, apiye sou vizyon olye tande pou kominikasyon. Kandida potansyèl pou implant kokleyè a. Avèk itilizasyon konsistan implant kokleyè a oswa anplifikasyon, paran ki angaje, teknik kominikasyon oditif-vèbal oswa oditif-oral oswa yon sistèm kominikasyon tankou pawòl ak siy, devlopman langaj ak pawòl ka devlope pou l vin nòmal oswa tou prè nòmal.

KOMINIKASYON



Gen anpil chwa nan kominikasyon ki disponib pou timoun ki gen pèt tande. Chwa yo varye de langaj pale a langaj jestyèl ak plizyè lòt konbinezon ant de chwa sa yo. Gen moun ki panche anpil pou youn ou lòt nan chwa sa yo. Antanke paran, ou bezwen chwazi sa ki pi bon pou pitit ou ak fanmi w. Byenke ou pa yon ekspè nan zafè pèt tande, ou ka fè tèt ou konfyans sou sa ki pi bon pou oumenm ak pitit ou.

- ***Fondasyon kominikasyon***
- ***Karakteristik Kominikasyon***
- ***Chwa nan Kominikasyon***
- ***Kijan Langaj Devlope?***
- ***Sijasyon sou Kominikasyon***

Fondasyon Kominikasyon

Yon revizyon sou chwa nan kominikasyon

Yon souri, yon kri, yon jès, yon rega – tout kominike panse oswa ide. Sa ka pran plizyè repetisyon yon jès, rega, mo, fraz, oswa son anvan pitit ou an kòmanse “konprann kod la” ant esè pou kominike ak vrè siyifikasyon. Kominikasyon k ap fèt otou pitit ou nan anviwonman natirèl li se sa ki fondman devlopman langaj. Kominikasyon a de sans, reponn pitit ou an eou ankouraje l reponn ou, se kle pou devlopman langaj pitit ou an. Lè pitit ou gen yon pèt tande, youn nan fason pou konprann langaj epi kominike andomaje.

Lè gen yon pèt tande ki pa twò grav oswa pèt tande nan yon sèl zòrèy, pitit ou pap ka tande byen lè yon moun ap pale apati yon lòt chanm oswa nan yon machin k ap fè bri.

Li pap ka tande konvèsasyon epi brib langaj. Byenke pitit ou an sanble l “tande”, li ka pa konprann tout richès langaj ak kapasite sosyal. Aparèy oditif ka ede l, men sa pa ka rezoud tout difikilte pitit ou an pou l tande epi konprann pawòl ba oswa ki lwen. Kèlkeswa degre pèt tande pitit ou an, ou bezwen deside sou kouman ou pral adapte estil kominikasyon w pou reponn a bezwen ti bebe w ki gen andikap tande.

Gen plizyè fason pou kominike epi plizyè ide sou kominikasyon. Avans teknolojik ogmante chwa nan kominikasyon pou jèn timoun ki gen pèt tande. Chwa yon mwayen kominikasyon parapò a yon lòt se yon desizyon pèsònèl fanmi an epi sa pa bezwen totalman depann de nivo pèt tande yo timoun.

LI PA KESYON DE PET TANDE, SE YON KESYON DE KOMINIKASYON

Lè w reflechi sou jan fanmi w kominike koulye a epi jan pou ta renmen kominike avèk pitit ou nan lavni, w ap panse chwazi fondasyon pou kominikasyon. Meyè fason pou deside ki karakteristik kominikasyon pou itilize pou fanmi w se pou itilize yo regilyèman diran chak jou epi pou lespri ouvè a tout lòt chwa ki genyen yo. Poze kesyon, pale ak granmoun ki soud epi gen tande di epi lòt fanmi ki gen timoun ki gen pèt tande. Diskite, li, epi chèche konnen leplis enfòmasyon ou kapab jwenn osijè diferan fason pou kominike avèk yon timoun ki gen yon pèt tande. Pou plis enfòmasyon ou ka kontakte òganizasyon ki gen rapò ak tande oswa li kèk liv ki dekri chwa ki genyen nan kominikasyon. Chwazi yon metòd kominikasyon olyede yon lòt se yon desizyon pèsònèl.

Konsidere faktè ki ^pral site la yo lè w a p chwazi yon metòd kominikasyon:

1. Èske metòd kominikasyon ou chwazi a pèmèt tout manm nan fanmi an ak moun k ap bay swen regilyèman yo kominike avèk pitit ou?
2. Èske itilize yon metòd kominikasyon espesifik pi bon pou pitit ou? Èske sa ede pitit ou gen pouvwa pou enflyanse anviwonman l, eksprime santiman l ak enkyetid li, epi patisipe nan mond imajinè akpanse abstrè?
3. Èske metòd kominikasyon ou chwazi a ogmante relasyon manm nan fanmi an youn ak lòt? Metòd kominikasyon ou chwazi a ta dwe fasilite kominikasyon agreyab, ki gen siyifikasyon pami manm fanmi an ak moun k ap bay swen yo epi fè pitit ou santi li se yon manm enpòtan nan fanmi w epi pèmèt li konnen sa k ap pase.

Chwa Fondasyon Kominikasyon **Fè premye pa yo pou ankouraje delopman kominikasyon**



Tout timoun vin devlope langaj avèk letan. Se ak pratik nan langaj nan tout kalite aktivite chak jou ouka espere timoun vin bon jan kominikatè. Siksèe timoun ki gen pèt tande souvan mezire kont objektif timoun lan k ap atenn kapasite nan lang pou yon mwa pou chak mwa entèvansyon te fèt bonè. Yo souvan mande paran yo pou yo ranpli yon lis pou tcheke chak 6 mwa ki va pèmèt yo swiv pwogrè kominikasyon. Panse a fondasyon kominikasyon, oswa karakteristik, kòm pèt ki mennen oumenm ak pitit ou nan chemen diferan- dòdinè vè siksè. Karakteristik kominikasyon yo se eleman espesifik langaj ki kapab konbine plizyè fason pou pwodui chwa oswa metòd diferan pou kominikasyon. Si bagay yo pa sanble y ap mache byen epi pitit ou oswa fanmi an pap fè pwogrè a vitès ki te espere a, ou ka ouvè yon lòt pèt. Konsiltasyon avèk ekip pwofesyonèl piti ou an epi lòt paran timoun ki pèt tande pral ede w pi byen konprann akisa kèlke nan chemen sa yo sanble pou pitit ou epi tou moun k ap bay pitit ou swen.

Yon mwa siksè nan devlopman langaj pou chak mwa entèvansyon bonè?

Pèt tande chak timoun inik. Lè w ap pran desizyon pou entèvansyon pou pitit ou, li enpòtan pou konprann nati pèt tand timoun lan. Odyolojis pitit ou a oswa moun k ap fè entèvansyon bonè ka ede w konprann abilite pitit ou a pou l tande. Chwa nan entèvansyon pou timoun ka divize nan kat kategori- edikasyonèl, odyolojik, medikal, epi ankouraje devlopman kominikasyon.

Karakteristik Kominikasyon

Karakteristik kominikasyon se konpozan espesifik langaj, fondasyon kominikasyon, ki ka konbine nan diferan fason pou pwodui diferan chwa oswa metòd kominikasyon. Senk chwa kominikasyon ki pral dekri yo enkli Lang Siy Ameriken (bileng), Kominikasyon oral grasa rè sòditif, Kominikasyon vèbal grasa rè sòditif, Pawòl ak Siy, ak Kominikasyon Total (Similtane). Panse a chak nan chwa sa yo kòm yon pil blòk ki fèt ak konbinezon diferan karakteristik kominikasyon.




Moun ki gen pèt tande gen degre diferan rezidi oditif, oswa ki itilizab. Gen kèk moun yo di ki “soud” ki poutan gen kapasite limite pou yo tande ki ka oswa ka pa kapab reponn a amplifikasyon sa ki ka oswa ka pa gen kòm rezilta son entèlijib. Avèk rezidi oditif, yo ka aprann anglè pale grasa itilizasyon konstan langaj pale nan kay la ak atansyon espesyal pou pèmèt yo fè eksperyans langaj ak ekout. Itilizasyon maksimòm odisyon atravè amplifikasyon optimal kle pou siksè chwa oditif-oral oswa oditif-vèbal. Yon bon jan relasyon avèk yon odyolojis enpòtan anpil. Moun ki gen plis siksè avèk apwòch oditif-oral epi oditif-vèbal gen rezidi oditif, swa grasa aparèy oditif oswa yon implant kokleyè, ki pèmèt yon loupin fidbak oditif devlope (kapab pèsevwa pawòl lòt moun epi tande tcheke pwòp pawòl pa yo). Nan fòmasyon oditif, ki rele tou abilitasyon oral, yo endike fanmi an kouman pou l ede timoun lan aprann tande epi konprann sa l tande a.




Kominikasyon
Ogmantatif

Kominikasyon ogmantatif se itilizasyon teknik oswa aparèy kominikasyon ki pèmèt moun ekspri lide oswa konprann pi byen. Kominikasyon ogmantatif se kapab fason yon moun gade yon sèten senbòl pou l kominike gras a itilizasyon yon rega, itilizasyon yon bouton limen jwèt ki gen limyè, oswa itilizasyon tablo kominikasyon oswa repondè vokal elektwonik. Moun ki gen plizyè kalite envalidite ka itilize teknik kominikasyon ogmantatif oswa aparèy pou amelyore kominikasyon bilaterale sètadi adesans avèk lòt moun.




Siy
Konseptyèl

Souvan yo konsidere Lang Siy Ameriken, oswa ASL tankou langaj moun ki soud. Lang vizyèl konplè sa a pa egzije itilizasyon mo oswa son vokal. ASL se pa yon fason pou itilize jès pou reprezante Anglè. ASL genyen pwòp vokabilè l ansanm ak tout konpozan yon vrè lang, ikonpri gramè ak estrikti fraz yo. Se yon lang ki konplètman separe de nenpòt lang pale, ikonpri Anglè. Ou ka ekspri pawòl ki fè moun ri, emosyon, ide filozofik oswa lòt konsèp abstrè nan Lang Siy Ameriken.



Pawòl
ak siy
(Fonik
vizyèl)

Pawòl ak siy se yon kòd vizyèl son yo itilize nan mo yo. Yon sistèm fòm men reprezante son pawòl yo. Yo itilize pawòl ak siy kòm zouti pou lekti pawòl langaj pale. Yo kwè sistèm sa a ankouraje devlopman lekti lè li ankouraje timoun nan aprann langaj pale a a tankou premye lang li. Pawòl ak siy genyen kat konpozan prensipal: Pawòl ak siy, lekti pawòl, ak itilizasyon rezidi oditif. Pawòl ak siy se pa yon lang epi li dwe akonpaye pawòl. Pawòl ak siy genyen uit fòm men ki reprezante son konsòn ak vwayèl. Paran an, pwofesè oswa lòt moun k ap pale ak timoun nan itilize kòd sa yo pou reprezante pwononsyasyon egzat mo y ap pale a. Pawòl ak siy pèmèt timoun nan aprann pou l rekonèt pwononsyasyon vizyèlman.



Anglè


Langaj reseptif vle di ki kantite mo oswa ki valè langaj yon moun konprann. Langaj ekspresif se fason yon moun kapab pataje lide oswa santiman nan nenpòt metòd oswa mòd kominikasyon. Faktè ki ka afekte devlopman langaj enkli pragmatic, kontni ak fòm. Pragmatik se itilizasyon sosyal langaj epi fason ou ekspri tèt ou yon fason apwopriye nan diferan sityasyon sosyal. Kontni yon lang se siyifikasyon l. Youn nan fòm lang yo se fason mo yo mete ansanm pou fè fraz. Anglè ak Lang Siy Ameriken diferan nan lòd mo oswa konsèp yo plase nan yon fraz. Anglè pale yon ti jan diferan de Anglè ekri nan fason lide ak santiman yo prezante. Moun ki pale Anglè byen pral genyen plis chans pou yo vin li lang Anglè a byen.




Genyen yon kantite teknik kominikasyon ki kode lang Anglè a vizyèlman. Anglè ki kode manyèlman (MCE) se yon sistèm siy (yo prete anpil ladan yo nan ASL) ki prezante nan lòd mo Anglè. MCE se yon reprezantasyon vizib Anglèe pale men se pa yon lang li ye. Gen plizyè sistèm Anglè ki kode manyèlman ikonpri Wèe Anglè Esansyèl (Seeing Essential English – SEE 1), Pale an Siy Anglè Egzat (Signing Exact English – SEE 2), ak Anglè an Siy. Yo konsidere siy yo itilize san kòd konplè lang Anglè a oswa itilizasyon konplè ASL konseptyèl tankou Siy Anglè Pijon) Pigeon Signed English – PSE)



Yo rele daktiloloji alfabè vizyèl tou. Chak lèt nan alfabè yo genyen yon fòm men ki deferan. Yo te fòm fòm men sa yo pou sanble ak fòm ekri lèt lfabè yo. Pifò moun fè daktiloloji pi lan pase yo ka pale, kidonk yo ralanti pawòl ak kominikasyon nan yon fason ki pa natirèl. Yo itilize daktiloloji plis kòm yon fason pou entwodui mo vokabilè ki nouvo oswa mo yo pa konnen pou moun ki pale an siy, paske se pa tout mo ki gen siy pa l. Se vrè espesyalman pou non pwòp oswa vokabilè espesyalize, tankou nan lasyans yo.



Jès natirèl ak langaj kòporèl se bagay nòmalman ou ta fè pou yon timoun pou ede l konprann mesaj ou an. Pa egzanp, si w te vle mande yon timoun si l vle pou pote l, ou ka ouvè bra w bali epi di l 'Monte'? Pou yon timoun ki pi gran ou ka fè jès pandan w ap rele l pou l vin andedan. Menm jan tou, si w ap ekspriime mekontantman akòz chanm yon adolesan ki tèt anba, ou ka mete men w sou hanch ou epi montre yon ekspresyon vizaj ki ki montre enkyetid ou pandan w ap bay mesaj ou an. Sa yo se egzanp jès natirèl ak langaj kòporèl.




Yo ekspriime emosyon nan model pawòl. Chanje ton nan fen yon deklarasyon tipikman vle di yo fèk poze yon kesyon. Ton, debi ak pale fò varye pandan n ap pale epi yo ka chanje tou depann de mo ki anvan ak aprè yo. Varyasyon sa yo ka difisil oswa pa posib pou pèsevwa tou depann de abilite moun ki gen pèt tande a. Sa ka pran anpil travay pou yon timoun ki gen pèt tande pou l ka fè diferans ti pawòl yo nan tande sèlman oswa nan konbinezon avèk lekti pawòl. Avans nan teknoloji nan zafè aparèy oditif ak implant kokleyè ka pèmèt anpil moun ki pa tande byen ditou pou yo ka pale grasa tande oswa odision.



Lekti pawòl, oswa lekti mouvman bouch, se yo n teknik kote yon moun eseye konprann pawòl lè l gade bouch ak ekspresyon vizaj moun k ap pale a. Yo ka konprann kèk nan son lang Anglè a lè yo gade bouch moun k ap pale a, men anpil moun paka fè sa. Sèlman apeprè 40% son Anglè yo vizib. Ou ka konprann pifò nan siyifikasyon an grasa kontèks ak devinèt. Se pa tout


anviwonman ki ideyal pou lekti pawòl. Li difisil anpil pou li pawòl nan bouch gason ki gen bab, ak moun ki apèn ouvè bouch yo lè y ap pale.



Vibrotaktil itilize youn nan sans natirèl yo – touche - pou l bay siyifikasyon. Yon timoun ki pa gen tande oswa ki genyen yon ti kras rezidi oditif pral tounen nan sous vibrasyon oswa menm mouvman lè a nan anviwonman li. Kèk timoun ki tande yon ti kras oswa ki pa tande ditou ka sanble yo detanzantan tounen nan son, lè anreyalite, se vibrasyon yo detekte atè a, nan mèb yo, oswa mouvman lè a. Sans vibrotaktil ka ogmante nan itilizasyon aparèy vibrotaktil ki konvèti son an modèl vibrasyon. Yo konn itilize aparèy vibrotaktil yo pafwa pou antrene timoun pou detekte prezans son nan anviwonman yo. Sans touche nou ak sansiblite nou a vibrasyon se pa yon ranplasman efikas pou abilite diskriminan tande ak vizyon imen. Vibrotaktil se yon teknik yo itilize avèk lòt karakteristik kominikasyon, men pa kòm yon metòd kominikasyon pou itilize poukont li.

Timoun yo 'pwograme' pou absòbe eksperyans langaj ki antoure yo epi devlope abilite kominikasyon ak koyitif, aparamman san yo pa bezwen anpil 'ansèyman nan men granmoun. Yon timoun ki gen pèt tande 'pwograme' pou l aprann lang menm jan ak timoun ki gen tande, men, manm fanmi yo ak moun k ap bay swen yo bezwen fè efò siplemantè. Se nan fè pratik langaj chak jou nan tout aktivite timoun yo vin kominikatè ki efikas.

Chak timoun genyen domèn yo fò ak domèn yo pa fò, menm jan chak fanmi genyen diferan dinamik kominikasyon. Oumenm sèlman pral konnen kisa ki bon lè w chwazi karakteristik kominikasyon ki matche bezwen pitit ou ak fanmi w. Pèsonalite pitit ou, estil aprantisaj li, pèsistans, ak motivasyon pral jwe yon wòl enpòtan nan kwasans kominikasyon. Epitou genyen kalite nou dekouvri konsènan timoun nou yo pandan nou ansanm avèk yo nan diferan sitiyasyon. Li nesèsè pou fè evalyasyon pou tande, amezi timoun ou an ap grandi pou ka konnen ki valè rezidi oditif ki egziste. Karakteristik kominikasyon ou chwazi lè pitit ou an jèn anpil ka oswa ka pa konpatib avèk kalite sa yo ansanm avèk enfòmasyon pèt tande lè timoun ou an pi gran. Si pèt tande chanje, kantite ak kalite anplifikasyon ka bezwen chanje tou. Bezwen pou ajiste chwa karakteristik kominikasyon oswa chwa yo se yon vrè posiblite amezi w ap aprann plis sou pitit ou.



Chwa Kominikasyon Lang Siy Ameriken (Bileng)

Chwa kominikasyon Bileng/Bikiltirèl (Bi/Bi) fèt pou pèmèt timoun ki gen pèt tande pale de lang byen – Lang siy Ameriken (ASL) ak Anglè oswa lang natif natal fanmi an. Epitou y ap chèche mwayen pou bay timoun yo konesans ansanm ak akseptasyon nan de kilti – Soud ak Tande. Lang Siy Ameriken, oswa ASL, se langaj Kominite Soud Ameriken an. Langaj sa a pa egzije itilizasyon pawòl oswa son. Li manipile espas, mouvman ak siy pou prezante enfòmasyon an. . Ou ka

eksprime pawòl ki fè moun ri, emosyon, ide filozofik ak konsèp nan Lang Siy Ameriken

Nan chwa kominikasyon Bi/Bi, souvan yo aprann timoun nan ASL kòm premye lang li. Yo anseye timoun nan Anglè oswa lang natif natal fanmi an kòm dezyèm lang timoun nan epi yo konsantre sou fòm ekri lang lan. Chwa sa a genyen de karakteristik kominikasyon prensipal: ASL ak fòm ekri (pafwa fòm pale) yon lang tankou Anglè.

Responsablite Fanmi an

Timoun nan dwe kominike ak gramoun ki soud epi moun ki tande ki pale ASL byen pou l ka devlope l kòm yon premye lang. Si paran yo chwazi chwa sa a yo pral oblije vin pale l byen pou yo ka byen kominike avèk pitit yo a.

Fòmasyon pou Paran/Moun k ap bay Swen

Fòmasyon ASL entansif ak edikasyon sou kilti Soud la enpòtan pou fanmi an ak moun k ap bay swen yo vin pale lang lan byen.


Poukisa pou chwazi opsyon sa a?

Sa se yon langaj vizyèl ki pa apiye sou pawòl oswa son. Kòm yon langaj vizyèl, ti moun ki piti anpil yo devlope eleman de baz ASL lan, menm jan timoun ki tande a aprann eleman de baz yon lang pale.

ALS asosye avèk kilti Soud la ikonpri istwa, langaj ak yon sosyete moun ki wè tèt yo diferan nan inisite yo. Nan kilti Soud la genyen bagay ki fè moun ri, teyat pou moun soud, ak asosyasyon pou atlet Soud. Gen kèk fanmi ki twouve sa itil anpil pou rankontre yon granmou oswa plis ki soud pou yo ka entwodui ASL ak kilti Soud lan nan pitit yo ak fanmi yo.

Poukisa pou pa chwazi opsyon sa a?

Pou yo aksepte yon timoun ki soud nan kominote Soud la, li dwe kapab kominike nan ASL. Plis pase katreven dis timoun ki gen pèt tandè fèt nan fanmi kote paran yo tandè. Lang natif natal nan kay la pou timoun sa yo se Anglè oswa yon lòt lang pale. Pou vin pale ASL byen, timoun nan dwe antoure avèk ASL epi fanmi yo dwe chèche yon fason pou pote l nan kay la. Pou vin pale lang lan byen ka pran anpil ane fòmasyon entansif pou granmoun yo. Li ka difisil pou kominike avèk fanmi ki pa pale lang siy, vwazen ak konpayon travay.



Oditif-Oral

Chwa oditif –oral la souliye itilizasyon maksimòm rezidi oditif grasa a aparèy oditif, sistèm FM, implant kokleyè ak fòmasyon oditif pou devlope abilite pawòl ak kominikasyon pou kapab evolye nan sosyete moun tandè a. Chwa sa a baze sou kwayans kote pifò timoun ki gen pèt tandè ka aprann pou koute epi pale

avèk entèkansyon bonè epi fòmasyon suivi pou devlope kapasite oditif yo. Kontrèman a chwa oditif-vèbal la, chwa oditif oral la enkli itilizasyon lekti pawòl ak jès natirèl. Yo pa ankouraje fòm kominikasyon manyèl, tankou Anglè Kode Manyèlman ak Lang Siy Ameriken. Yo aksepte jès natirèl ak langaj kòporèl. Chwa oditif-oral la genyen kat karakteristik kominikasyon prensipal: pawòl, odisyon, lekti pawòl ak jès oswa langaj kòporèl.

Chwa Oditif-oral la apiye sou ase rezidi oditif anplifye pou pèmèt timoun nan konprann vwa l pou kontwole pwodiksyon pawòl (loupin fidbak oditif). Plis kantite rezidi oditif yon moun genyen, plis chans li genyen pou siksè avèk chwa oditif-oral la. Yon kle pou siksè chwa oditif-oral la se anplifikasyon maksimòm rezidi oditif oswa itilizasyon yon implant kokleyè. Yon bon relasyon avèk yon odyolojis enpòtal anpil. Lekti pawòl se yon karakteristik kominikasyon ki enpòtan nan chwa oditif-oral.

Responsablite Fanmi an

Piske fanmi an prensipalman responsab pou devlopman langaj timoun nan, yo atann pou paran yo enkòpore teknik aprantisaj (sa yo aprann nan men terapris yo)nan woutin kotidyen ak aktivite timoun nan. Si pa gen paran nan kay la, moun k ap ba l swen an pral gen responsablite pou l enkòpore teknik sa yo nan woutin kotidyen timoun nan. Fanmi an responsab pou l fè timoun nan toujou itilize aparèy oditif lan, sistèm FM epi/oswa implant kokleyè. Timoun nan bezwen tandè bon jan langaj (antre oditif) pou l ka devlope abilite pawòl ak langaj nan chwa oditif-oral la.

Fòmasyon pou Paran/Moun k ap bay Swen


Paran yo bezwen travay avèk moun k ap travay avèk pitit yo tankou moun ki nan entèkansyon bone, terapris, oswa pwofesè, pou pote teknik yo nan kay la epi kreye yon anviwonman aprantisaj 'oral'. Yo dwe fè tout efò pou enkòpore aktivite sa yo ak egzijans anviwonmantal yo nan kote yo bay swen gadri pou timoun nan si pa gen paran nan kay la. Teknik aprantisaj yo souliye devlopman abilite koute ak langaj.

Poukisa pou chwazi opsyon sa a?

Chwa oditif-oral la aprann timoun nan pou l apiye l sou langaj pale (tankou Anglè oswa lang natif natal fanmi an) ak lekti pawòl. Timoun nan pral kapab kominike avèk piblik la epi melanje avèk fanmi an pou itilize langaj natif natal fanmi an. Avèk chwa oditif-oral, fanmi an ka kontinye itilize langaj ki pale nan kay la epi la pa nesèsè pou aprann yon lòt lang, sistèm vizyèl, oswa kòd.

Poukisa pou pa chwazi opsyon sa a?

Kèk timoun ka pa gen siksè lè yo itilize rezidi oditif pou aprann pawòl. Timoun nan ak fanmi an ka vin fristre si langaj timoun nan pa devlope avèk apwòch sa a. Timoun yo ka pase plizyè èdtan nan òtofooni epi fè pwogrè ki lan. Kontwòl devlopman langaj ak pawòl se yon bagay ki nesèsè.



Oditif-vèbal

Chwa kominikasyon sa itilize rezidi oditif timoun nan, aparèy oditif oswa implant kokleyè, ak estrateji aprantisaj pou ankouraje timoun yo devlope abilite pou koute pou yo ka konprann langaj pale epi kominike grasa pawòl. Konsantrasyon an se sou devlopman pawòl ak langaj grasa tande. Yo ankouraje lekti pawòl, pale nan lang siy, ak jès natirèl ak langaj kòporèl. Chwa oditif-vèbal la gen prensipalman de karakteristik kominikasyon: odisyon ak pawòl.

Nan chwa oditif-vèbal la, yo atann pou timoun nan apiye l sou tande (odisyon) sèlman pandan peryòd aprantisaj espesifik. Aprantisaj pèsonalize avèk yon terapè ki fòm nan chwa oditif-vèbal nan prezans paran yo, epi enstriksyon pèsonalize avèk paran yo nesèsè. Yo itilize siyal men pandan peryòd aprantisaj nan chwa oditif-vèbal la. Siyal men sa yo se: terapè la, paran, oswa moun k ap bay swen an kouvri bouch li lè timoun nan ap gade dirèkteman nan figi granmoun nan; granmoun nan ap deplase men l pou l mete sou bouch timoun nan kòm yon siyal pou l imite son vokal la oswa yon siyal pou tou pa l; epi granmoun nan k ap 'pale nan yon' nounous oswa yon lòt jwèt ki devan bouch moun k ap pale a. Kèk siyal ki pi sibtil tankou ankouraje timoun nan gade yon lòt bagay men pa gade bouch moun k ap pale a, epi yo fè l kouvri bouch li lè l ap pale. Yo pa atann pou paran yo ak moun k ap bay swen yo kouvri bouch yo pandan tout aktivite kotidyen yo andeyò tan enstriksyon yo.

Responsablite fanmi an

Piske fanmi an prensipalman responsab pou devlopman langaj timoun nan, yo atann pou paran yon enkòpore fòmasyon timoun nan ap resevwa a nan woutin kotidyen ak aktivite jwèt timoun nan. Yo dwe bay yon anviwonman ki rich ak pawòl, fè tande yon pati ki gen anpil enpòtans nan eksperyans timoun nan, epi asire timoun nan itilize toutan aparèy oditif yo oswa yon implant kokleyè.

Fòmasyon pou Paran/Moun k ap bay Swen


Paran yo bezwen travay avèk pwofesè timoun nan epi/oswa terapè yo pou yo ka aprann metòd aprantisaj yo epi pou pote yo nan anviwonman kay la.

Poukisa pou chwazi opsyon sa a?

Chwa oditif-vèbal la aprann timoun nan pou l apiye l sou tande avèk atansyon langaj pale (tankou Anglè oswa lang natif natal fanmi an). Itilizasyon aparèy oditif oswa implant kokleyè nesèsè pou yon timoun aprann pou l tande epi pou l devlope pawòl ak langaj grasa teknik oditif-vèbal. Timoun nan pral kapab kominike avèk piblik la epi pou l melanje l nan fanmi an lè l itilize lang natif natal fanmi an. Fanmi an ka kontinye itilize langaj ki pale nan kay la epi yo pap bezwen aprann yon nouvo lang, sistèm vizyèl oswa kòd.

Poukisa pou pa chwazi opsyon sa a?

Kèk timoun ki gen pèt tandè pap kapab trete tout langaj sèlman avèk tandè. Yo atann pou timoun nan aprann pou l konpanse enfòmasyon langaj ki manke a avèk eksperyans ak familyarite l avèk langaj la. Timoun nan ak fanmi an ka vin fristre si langaj timoun nan pa devlope avèk apwòch sa a. Timoun yo ka pase plizyè èdtan nan òtofooni epi fè pwogrè ki lan. Kontwòl langaj la ak devlopman pawòl se bagay ki nesesè.



Pawòl ak Siy

Pawòl ak siy se yon sistèm uit fòm men ki reprezante gwoup son konsòn, epi kat plasman men ki reprezante gwoup son vwayèl, yo itilize avèk mouvman natirèl bouch moun k ap pale a. Fòm ak plasman men yo gwoupe nan kategori ki pa sanble sou bouch lan, pou fè pawòl vizib epi klè pou moun k ap li ak siy lan. Pawòl ak siy se pa yon lang kidonk le

dwe akonpaye avèk pawòl. Yo itilize pawòl ak siy kòm yon zouti pou lekti pawòl langaj pale. Yo kwè sistèm sa a ankouraje devlopman lekti lè yo ankouraje timoun nan aprann lagaj pale a kòm premye lang li. Yo ankouraje paran jèn timoun soud pou aprann langaj pale a pou yo itilize vwa lè yo fè siy, pou itilize tout rezidi oditif timoun yo genyen. Yo te itilize sistèm nan avèk siksè avèk timoun ki pa gen rezidi oditif. Pawòl ak siy genyen kat karakteristik kominikasyon prensipal: fòm men pawòl ak siy, lekti pawòl, pawòl ak itilizasyon rezidi oditif. Itilizasyon anplifikasyon pèsònèl tankou aparèy oditif, sistèm FM, oswa implant kokleyè enpòtan tou avèk apwòch sa a.

Responsablite Fanmi an

Paran yo se pwofesè prensipal pawòl ak siy pou pitit yo. Yo atann pou yo fè siy toutan pandan y ap pale. Ankonsekans, omwen yon paran (ansanm ak moun ki bay swen an si pa gen paran nan kay la), epi preferableman tout moun k ap bay swen dwe aprann pou yo fè siy byen pou timoun nan pou devlope pawòl ak langaj ki apwopriye ak laj li.

Fòmasyon pou Paran/Moun k ap bay Swen


Ou ka aprann pawòl ak siy nan klas avèk pwofesè konpetan oswa teraplis. Byenke ou ka aprann fòm men yo nan yon sesyon fòmasyon pandan yon long wikenn, ou dwe pase yon tan konsiderab pou itilize epi pratike siy pou ka vin fè l byen.

Poukisa pou chwazi opsyon sa a?

Anpil paran twouve li fasil pou aprann pawòl ak siy nan yon tikras tan paske yo pa egzije yo pou yo aprann yon konplètman yon nouvo lang. Atelye fòmasyon entansif ki dire de 3 a 7 jou ekipe yon moun avèk ase konesans pou l kòmanse itilize pawòl ak siy. Itilizasyon ak pratik kontinyèl pandan plizyè mwa jiska 1 ane souvan pral ase pou vin konnen pawòl ak siy byen. Lè w ap aprann pou li ak ekri, timoun yo kapab fonetikman fè son mo yo. Moun ki itilize teknik sa a ka apresye rim ak ritm Anglè, ekspresyon idyomatik ak pawòl ki fè w tòde lang ou. Li sanble pawòl ak siy ede moun vin miyè lektè pawòl men lè yo pa itilize siy.

Poukisa pou pa chwazi opsyon sa a?

Teknik sa a relativman nouvo epi pa tèlman gen anpil enterè pou li. Nan plizyè rejyon nan peyi a, li difisil anpil pou gen aksè nan sèvis pawòl ak siy. Pwogram nan sal klas yo konsantre nan kèk zòn nan peyi a epi ou pa jwenn li tout kote. Souvan, transliterate pawòl ak siy ki resevwa fòmasyon (piske se pa yon lang yo pa rele yo entèprèt) pa disponib. Gen moun ki gen anpil difikilte pou yo panes fonetikman epi yo pa itilize chwa sa a byen. Pawòl ak siy pa gen ankenn similarite avèk Lang Siy Ameriken epi li pa prepare timoun yo ak fanmi yo travay ansanm avèk kominote Soud lan. Piske teknik sa a diferan anpil de lang siy, kèk moun ki itilize I (patikilyèman adolesan ak pre-adolesan) enkyete pou itilize pawòl ak siy an piblik.



Kominikasyon Total

Kominikasyon total se yon apwòch kominikasyon ak edikasyon pou timoun ki gen pèt tan tande ki itilize yon konbinezon chwa kominikasyon, ikonpri teknik oral ak manyèl. Nan chwa sa a, yo ankouraje timoun yo ak fanmi yo pou yo pale epi pou yo fè siy. Karakteristik kominikasyon yo itilize se: Anglè Kode Manyèlman (MCE), lekti pawòl, pawòl, pawòl ak siy, jès natirèl, ak langaj kòporèl. Yo konsidere aparèy oditif, sistèm FM, oswa implant kokleyè yo enpòtan nan pifò pwogram kominikasyon

total paske yo ankouraje timoun yo fè itilizasyon maksimòm rezidi oditif yo. Pafwa yo entwodui ASL nan pwogram kominikasyon total yo kòm yon dezyèm lang. Yo ankouraje lekti pawòl nan pifò pwogram Kominikasyon Total. Yo ka itilize pawòl ak siy nan pwogram TC pou amelyore lekti pawòl oswa devlopman alfabetizasyon.

Responsablite Fanmi an

Preferableman tout manm fanmi an ak moun k ap bay swen yo dwe aprann sistèm lang siy pou timoun nan ka devlope langaj ki apwopriye ak laj li epi pou l ka kominike konplètman avèk fanmi l (epi nan kad swen gadri si pa gen paran ki nan kay la). Fòk nou note pou yon paran vin konnen vokabilè siy aj langaj la se yon pwosedi ki dire lontan epi ki kontinyèl. Amezi lang siy timoun nan ap elaji epi li vin pi konplèks, se menm bagay la ki dwe fèt pou paran yo tou pou l ka bay yon anviwonman pou timoun nan aprann langaj la. Fanmi an responsab tou pou l ankouraje itilizasyon anplifikasyon touttan.

Fòmasyon pou Paran/Moun k ap bay Swen

Paran yo dwe toujou fè siy lè y ap pale avèk timoun nan (kominikasyon similtane). Anpil kolèj ak lòt etablisman ki bay edikasyon pou granmoun ofri lang siy woutinman. Anpil liv ak videyo disponib tou. Pou vin pale l byen, ou dwe itilize lang siy touttan epi pou l vin fè pati kominikasyon fanmi an chak jou.

Poukisa pou chwazi opsyon sa a?

Timoun ki gen kèk rezidi oditif ka benefisye nan konbinezon kòd vizyèl ki matche de prè ak sa k ap di a. Epitou, sistèm MCE an jeneralman pi fasil pou granmoun yo aprann ASL. Se paske sistèm siy yo se pa lang yo ye, epi li itilize menm estrikti gramatikal ak règ Anglè pale. Chwa sa pafwa itilize tout teknik kominikasyon yo.

Poukisa pou pa chwazi opsyon sa a?

Amezi timoun yo ap vin pi abil nan itilizasyon metòd kominikasyon sa a, yo kòmanse pran rakousi pou yo ka ogmante vitès lang siy lan. Anpil fwa sa vin sanble avèk Anglè pidgin oswa yon konbinezon ASL ak MCE. Amezi y ap ajoute chak prefiks, sifiks, etc... lang siy ka vin monotòn epi fatigan. Sistèm MCE an mete an valè gramè plis pase kominikasyon, epi se pa yon bagay ki natirèl pou timoun piti. Pifò granmoun ki gen pèt tande epi ki te grandi ak sistèm MCE an pa kontinye itilize sistèm sa yo chak jou. Si yo kontinye pale lang siy, yo chanje pou ASL. Li ka yon pwoblèm pou jwenn entèprèt oswa pwogram sètifikasyon entèprèt pou sistèm MCE yo.

Pou fanmi ki pale yon lang ki pa Anglè lakay yo (pa egzanp Panyòl, Kreyòl), itilizasyon sistèm MCE an egzije pou paran yo vin pale yon dezyèm lang byen (Anglè) anmenmtan y ap eseye aprann timoun yo yon sistèm siy vizyèl. Piske kominikasyon total se pa yon apwòch nòmalize, entèvansyon bonè ak pwogram lekòl ki itilize apwòch sa a ka diferan nan karakteristik kominikasyon ki souliye an, objektif ak bi pwogram nan, ak sèvis sipò ak resous yo ofri.

Nenpòt ki karakteristik kominikasyon ou chwazi, sonje se pa kesyon pèt tande – se kesyon KOMINIKASYON!

Kouman yon Lang Devlope?

Li itil pou fanmi yo konprann diferan aspè devlopman langaj pou yo ka ede pitit yo. Toudabò yo bay sijesyon pou kominike avèk tibebe piti, aprè lè yo fèk fèt jiska laj 6 mwa. Sijesyon pou tibebe ki pi gran ak timoun, 6 mwa jiska apeprè laj 2 an, parèt pita. Tibebe devlope nan diferan vitès epi sijesyon sa yo ka itil pou nenpòt ki laj timoun ou an genyen.

Angaje nan kominikasyon regily, pozitif avèk ti bebe w lan pou ede langaj devlope pi vit. Pran tan pou reponn bezwen ti bebe w lan, pou fè ti bebe w lan konnen avèk souri w ak touche w ou renmen l.

Tout timoun bezwen devlope lyen pozitif avèk paran yo oswa moun k ap bayo swen. Lyen sa yo devlope detoutfason lè w reponn a bezwen ti bebe w lan menm si l tande oswa li pa tande. Piske ti bebe yo paka di nou kisa yo bezwen, nou dwe obsève yo avèk anpil atansyon, pafwa devine, epi eseye diferan bagay pou satisfè yo. Mensi pafwa nou gen pwoblèm pou nou konnen egzakteman kisa ti bebe an vle, lefèt nou kontinye eseye aprann ti bebe a kouman yo enpòtan pou nou. Lè w jwe avèk ti bebe w, ou souri bali, ou pase men w sou li, epi ou fè ti jwèt avèk li tankou kòkou se plis pase "jwe". Se fason natirèl pou solidifye lyen ant paran ak tibebe. Epitou se yon fason natirèl pou kominike avèk ti bebe w epi bati konpreyansyonkominikasyon ti bebe w lan. Ti bebe ki santi yo renmen yo epi ki santi yo ansekirite gen plis enèji pou ki disponib pou aprann lang ak lòt abilite.

Itilize otan de sans ou kapab pou voye mesaj bay ti bebe w ki gen pèt tande. Mete an valè jwèt pou touche. Vire kò w ak figi w otou epi devan tibebe w lan. Mete an valè ekspresyon vizaj plis pase jan w konn fè sa nòmalman. Pale avèk ti bebe w lan.

San yo pa bezwen panse sou sa, paran yo itilize fason espesyal pou kominike avèk ti bebe. Paran yo gen tandans pou leve ton vwa yo lè y ap pale avèk ti bebe yo. Yo pale nan fason tankou y ap "chante chante" avèk anpil ritm. Souvan yo repete kèk fraz plizyè fwa, yo bay ti bebe a chans pou l antisipe epi konnen kisa yo pral di. Paran yo tou fè anpil jès ak tibebe yo, souvan yo fè mouvman ak men yo nan menm ritm avèk mo yo. Yo itilize ekspresyon vizaj ki souvan pozitif oswa kontan yo egzajere ekspresyon vizaj sa yo konpare ak lè y ap pale ak lòt moun. Paran yo tou touche timoun yo souvan. Menm si yon tibebe paka tande pawòl paran yo, ti bebe a ka resevwa mesaj ak lòt sans li yo.

Se pou reponn. Suiv ti bebe w lan. Remake kote l ap gade oswa nan kisa li enterese. Pale sou bagay sa oswa aktivite sa a.

Babies will be more interested in communicating when they can set the "topic" of Ti bebe pral pi enterese kominike lè yo kapab fikse "sijè" konvèsasyon an. Menm nou menm granmoun, nou pa renmen kominike avèk moun ki sanble yo vle iyore ide ak enterè pa nou. Ti bebe ak timoun piti ka gen menm santiman an si moun k

ap kominike avèk yo a kontinye “chanje sijè” a olye pou suiv enterè yo. Se ka a menm lè se aksyon men pa langaj ki montre enterè timoun nan. Aprantisaj langaj fèt pi vit lè paran yo pale sou yon bagay oswa yon aktivite ki enterese timoun nan. Men kèk egzanp sou fason pou reponn ak chanjman sijè:

- Manman **reponn** oswa suiv sijè timoun nan. Timoun nan ap gade jwèt ki gaye tout atè a, epi li ranmase yon poupe ti bebe. Manman di, “O, yon ti bebe. Ou vle jwe ak ti bebe a?”
- Manman **chanje** sijè a: Timoun nan ap gade jwèt ki gaye tout atè a, epi li ranmase yon machin. Manman gade jwèt yo, li ranmase yon tas ak soukoup. “Men cheri” manman di, “Annou fè yon fèt te. Èske w vle bwè te?”

Aprann yon nouvo mo se yon travay kognitif ki mande enèji mantal. Lè yon timoun deja ap panse sou yon bagay oswa yon aktivite, li gen sèlman pou l konekte yon nouvo mo avèk bagay oswa aktivite sa a. Se yon travay ki mande yon sèl etap. Nan dezyèm sityasyon an, lè manman an redirije atansyon timoun nan, travay aprantisaj mo a vin pi konplèks. Li enplike omwen twa etap: ti bebe a dwe chèche konnen granmoun nan vle l remake yon bagay nouvo, epi chèche konnen kisa epi kibò nouvo bagay la ye, epi finalman fè koneksyon an a ant nouvo mo a ak bagay la oswa aktivite a.

Prete atansyon a mouvman bra, pye ak kò ti bebe a. Mouvman sa yo ka di nou lè ti bebe a eksite. Yo ka montre nou tou ti bebe a ap eseye kominike.

Lè w ap jwe epi w ap reponn ti bebe w lan, li enpòtan pou remake mouvman bra ak pye yo. Souvan ti bebe montre santiman yo ak anvi yo genyen pou jwe avèk mouvman sa yo.

Respekte dwa ti bebe w lan genyen pou l sispann jwe oswa kominike. Pafwa ti bebe yo gade lòt kote oswa yo kòmanse kriye lè yo jwe ase, lè yo jwenn twòp estimilasyon.

Li enpòtan pou sonje ti bebe, tankou granmoun” bezwen tan kalm”. Lè ti bebe ap jwe oswa ap kominike pandan lontan, yo ka vin fatige oswa twò eksite. Lè sa rive, ti bebe yo souvan konn gade lòt kote epi yo pèdi ekspresyon vizaj yo ki kontan. Meyè fason pou reponn a konpòtman sa a se pou tann trankilman pandan yon ti tan pou wè si ti bebe a retounen gade ankò pou l rekòmanse kominikasyon an. Kèk ti bebe pi sansib pase lòt kidonk yo pral bezwen repose pi souvan.

Espesyalman avèk yon ti bebe, deplase men w avèk kò w souvan pou ti bebe w lan ka wè w ap kominike pandan l kontinye ap gade yon jwèt oswa yon aktivite.

Pandan premye mwa lavi yo, ti bebe yo pase anpil tan ap gade moun ap kominike oswa ap jwe avèk yo. Men nan laj 5 oswa 6 mwa, pifò ti bebe kòmanse montre gran enterè pou bagay. Yo vle manyen bagay ak jwèt pou eksplòre yo. Yo pase plis tan ap gade bagay epi mwens tan ap gade paran yo oswa lòt moun ki vle kominike avèk yo. Sa prezante yon defi pou moun k ap kominike avèk timoun ki genyen pèt tande. Yon timoun ki gen pèt tande pral tande lang pale sèlman pasyèlman, yon fason ki defòm. Li itil pou timoun nan kapab wè vizaj ak kò moun k ap voye mesaj la. Timoun nan ka resevwa enfòmasyon apati mouvman bouch, ekspresyon vizaj, ak langaj kòporèl a nplis enfòmasyon apati son.

Deplase yon bagay (tankou yon jwèt) devan ti bebe w lan epi deplase l pou mete l devan figi w. Lè ti bebe w lan ka wè vizaj ou ansanm ak bagay la, kominike sou sa.

Yon lòt fason pou ede ti bebe w lan kominike pandan l ap gade yon bagay se pou deplase bagay la devan ti bebe w lan. Sa prèske toujou jwenn atansyon yo. Epi ou ka kontinye deplase bagay la, mete touprè figi w. Lè ti bebe w lan ka wè w ansanm ak bagay la menm lè, ou ka kominike sou bagay la. Li pi efikas lè w deplase yon bagay oumenm ansanm ak tibebe w lan t ap jwe avèk li. Konsa, ou ka itilize langaj ki reponn a enterè ti bebe w lan olye pou chanje sijè a.

Lè ti bebe w lan anplifye, itilize yon siyal oditif (tankou rale non l) dabò pou gen atansyon l. Tann kèk segonn. Fè jès bali, oswa tape l Dousman sou zèpòl li pou jwenn atansyon l. Lè ti bebe w lan gade w, pale avèk li.

Yon bon fason pou aprann ti bebe w lan non li se lè w di non li epi tann yon repoms. Di non l ankò epi tann yon repons. Si ti bebe w lan pa gade w, donk fè yon jès oswa tape l dousman sou zèpòl li pou gen atansyon l. Lè ti bebe w lan gade w, repete non l ankò epi di yon bagay tankou “Julia, se oumenm”. Pi souvan ti bebe w lan tande non l, pi vit li pral aprann li.

Tape sou yon bagay, petèt plizyè fwa, anvan epi aprè ou kominike yon bagay sou li. Sa ede ti bebe w lan konnen sou kisa w ap kominike avèk li a,

Pwente nan direksyon yon bagay oswa tape dirèkteman yon bagay anvan w di yon bagay sou li montre ti bebe w lan egzaktman kisa langaj l avle di.

Tape sou ti bebe a pou siyale l. “Gade mwen.” Repete siyal tape a oswa konbine l avèk deplasman yon bagay si premye w eseye a pa pote siksè. Sonje ti bebe dwe aprann pou yo gade anlè lè w tape sou yo. Sa pa rive otomatikman. Sa pran tan. Itilize pasyans pandan ti bebe a ap aprann siyal la.

Siyal tape a anseye ti bebe a pou l aprann gade figi w pou kominikasyon. Paran yo bezwen konnen, ti bebe yo poko konprann siyal tape a. Yo dwe aprann kisa sa vle di, “Gade mwen”. Li ka difisil pou konnen egzakteman ki valè fwa epi avèk ki pèsistans pou itilize siyal tape avèk yon ti bebe. Kèk timoun sanble yo reziste tape pèsistan an. Gen lòt ki remake sa toutsuit epi yo reponn. Manman yo dwe fè atansyon nan fason yo itilize siyal la, epi pou yo sansib pou pèsonalite ti bebe yo.

Rilaks, tann ti bebe w lan gade anlè poukont li. Ou pa bezwen ranpli chak moman avèk kominikasyon ak langaj. Li pi enpòtan pou suiv enterè ti bebe w lan epi pou asire li ka wè kominikasyon w.

Youn nan meyè mwayen pou asire yon ti bebe remake kominikasyon se pou tann pou ti bebe w lan gade anlè, epi rapidman di l yon ti bagay. Sa ka mande anpil pasyans, paske souvan anpil ti bebe pa vle gade anlè. Men, lè w kominike yon fason ki enteresan epi ki reponn a ti bebe a pandan lè li deside gade anlè a, se tankou ou bay ti bebe w lan yon rekonpans. Sa ankouraje ti bebe w lan gade anlè alavni.

Itilize fraz ki kout – youn, de, oswa twa mo alafwa, plis pwente oswa tape sou bagay. Sonje pou pèmèt ti bebe w lan pran tan pou li trete epi konprann mo w yo.

Itilize fraz ki kout epi ki senp avèk ti bebe w yo. Ant laj 9 a 15 an daj ti bebe yo kòmanse montre yo konprann langaj, epi pifò ti bebe kòmanse pwodui langaj. San yo pa vrèman panse sou sa, paran yo ba yo yon “modèl” langaj ki fasil pou konprann epi fasil pou aprann. Epi, lè ti bebe yo kòmanse pale plis, paran yo gradyèlman ap avanse nan langaj ki pi konplike.

Repete mo yo oswa ti fraz plizyè fwa. Toujou bay ti bebe w tan pou trete fraz yo. Epi tape sou bagay oswa pwente sou aktivite mou montre timoun ou an sou kisa w ap kominike.

Sa bay ti bebe w lan plizyè chans pou remake epi rekonèt modèl langaj yo. Li sanble ti bebe yo twouve langaj repete enteresan. Tape sou bagay yo, pwente sou yo, itilize ekspresyon vizaj enteresan, epi pote bagay la touprè bouch ou pou ede ti bebe w lan wè epi prete atansyon a langaj la.

Ekstrè epi adapte nan “Yon Bon Kòmansman: Sijasyon pou konvèsasyon vizyèl avèk Ti bebe ak timoun ki soud epi ki pa tandè byen”, Doktè Patricia Spencer, dwa dote 2001 Laurent Clerc Sant Edikasyon Nasyonal Moun soud, Gaullaudet University

Ki Kèk Ti Konsèy sou Kominikasyon?

Kominikasyon avèk pitit ou se bagay ki enpòtan anpil. Kominikasyon a desans, reponn timoun ou an epi ankouraje reponn ou, se kle nan devlopman langaj pitit ou an. Men kèk ti konsèy ki ka ede w.

- Site non **bagay** ki nan anviwonman an jan ou wè yo oswa jan w itilize yo.
- Pale sou **aksyon** oumenm oswa timoun ou an ap fè oswa wè.
- Pale sou **fason** bagay yo sanble, santi epi sonnen.
- Pale sou **kote** bagay yo ye. Ou pral itilize anpil prepozisyon tankou nan, sou, anba, dèyè, akote, sou kote, ak ant.
- Konpare kouman bagay yo oswa aksyon yo **simile** epi **diferan** nan gwosè, fòm, sant, koulè, ak teksti.
- Pale sou **etap** ki enlipe nan aktivite yo pandan w ap fè yo.

Rakonte **istwa** ki fanmiye oswa istwa sou evenman nan epòk ou oswa nan pase w. Kenbe istwa yo senp pou timoun ki pi piti epi ogmante kompleksite l amezi timoun nan ap grandi.

YON LIS BRÈF RESOUS SOU ENTÈNÈT SOU KOMINIKASYON

www.agbell.org

Alexander Graham Bell Association

www.auditory-verbal.org

Auditory Verbal International Inc. (AVI)

www.handsandvoices.org

Sipò kominikasyon san patipri pou fanmi yo

www.sign2me.net

Benefis lè w aprann tibebe yo lang siy

www.bconnex.net/~randys/

Animated American Sign Language Dictionary

www.jtc.org/index.htm

<http://www.jtc.org/Spanish/spindex.htm>

John Tracy Clinic "Sèvis Gid pou Jèn Timoun ki gen

pwoblèm tande" "Chwa Kominikasyon"

[http://clerccenter2.gallaudet.edu/KidsWorldDeafNet/](http://clerccenter2.gallaudet.edu/KidsWorldDeafNet/e-docs/index.html)

[e-docs/index.html](http://clerccenter2.gallaudet.edu/KidsWorldDeafNet/e-docs/index.html)

"Yon Bon Kòmansman: Sijasyon pou Konvèsasyon

Vizyèl avèk Tibebe ak Timoun ki Soud oswa ki gen

Pwovblèm Tande"

www.deafchildren.org

American Society for Deaf Children

www.oraldeaf.org

Oral Deaf Education/Oberkotter Foundation

Resous pou paran Anglè, Fransè

Chinwa, Panyòl

www.cuedspeech.com

National Cued Speech Association

www.listen-up.org/

Kenbe aparèy oditif sou jèn timoun yo

www.nidcd.nih.gov/health/parents/index.htm

Dokiman pou telechaje" ale nan

EKIP ENTÈVANSYON



Timoun ki gen pèt tande gen plis tandans pase lòt timoun pou yo devlope reta sosyal, emosyonèl, oswa devlopmanal. Lè pitit ou gen pèt tande, li nesèsè pou bali swen ak tretman bonè nan lavi pouka evite konsekans negatif ki asosye ak pèt tande. Pwogram Entèvansyon Bonè pou Tibebe ak Timoun nan Florid la bay sèvis entèvansyon bonè ki santre sou fanmi an. Fanmi an se bagay ki pi enpòtan nan lavi pitit ou. Sèvis pou pitit ou te aranje pou reponn a bezwen fanmi w san sa pa koute w okenn kòb oswa yon ti kòb.

- ***Pwogram Entèvansyon Bonè pou Tibebe ak Timoun nan Florid***
- ***Plan pou Sipò Fanmi***

Entèvansyon mande yon apwòch ekip epi fanmi an se manm ekip lan ki pi enpòtan.

Pwogram Entèvansyon Bonè pou Tibebe ak Timoun nan Florid

Pwogram Entèvansyon Bonè pou Tibebe ak Timoun nan Florid la (EI) bay sèvis entèvansyon bonè nan Florid epi asire sèvis yo ak sipò yo disponib pou jèn timoun ki gen bezwen espesyal de nesans a laj twa zan. Yo timoun ki gen yon dyagnostik pèt tandè genyen yon kondisyon etabli epi elijib pou sèvis entèvansyon bone nan Florid. Yo ka refere nenpòt timoun nan Pwogram Entèvansyon Bonè pou Tibebe ak Timoun nan Florid lè yo fin idantifye yo genyen yon pwobèm pèt tandè. Referans pou Pwogram Entèvansyon Bonè pou Tibebe ak Timoun nan Florid ka fèt lè ou rele nimewo telefòn gratis 1-800-654-4440 oswa dirèkteman lè w vin nan youn nan 16 biwo lokal Pwogram Entèvansyon Bonè atravè tout eta a. Doktè, odyolojis, paran, moun k ap bay swen, pwofesè, moun k ap pran swen timoun piti, oswa nenpòt lòt moun ki konsène de yon timoun ka bay referans.

Funding for the Infants & Toddlers Early Intervention Program is made possible Se Leta Florid ak Pati C Ak pou Ledikasyon Moun ki gen Envalidite (IDEA) ki founi lajan pou Pwogram Entèvansyon Bonè pou Tibebe ak Timoun nan Florid lan. IDEA se yon pwogram federal ki ede Florid bay sèvis entèvansyon bonè ki santre sou fanmi an. Lajan federal la vin ogmante resous eta a ak resous lokal yo.

Kritè Pèt Tande pou Elijblite pou Pwogram Entèvansyon Bonè

Degre pèt tandè ki espesifye anba a konsidere kòm andikap sans ki ase konsiderab ki ka fè yon timoun oswa tibebe vin devlope reta devlopmanal. Desefèt, timoun ak tibebe ki pèdi tandè selon degre ki espesifye yo oswa yon degre ki pi wo elijib pou sèvis odyolojik (ikonpri resevwa enstriman pou tandè lè sa apwopriye) epi sèvis entèvansyon bonè ki santre sou fanmi an.

Kritè

1. Evidans de yon nivo pèdi tandè pèmanan de :
 - a. 25 dB oswa plis ki baze sou mwayèn son pi 500, 1000 oswa 2000 Hz san èd bon zòrèy la. Gap son nan lè a pou pa depase 10 dB HL.
 - b. Sèy kondiksyon lè, san èd nan bon zòrèy la, pi gran pase 25 dB HL a de (2) oswa plis frekans nan echèl wo frekans lan (2000, 3000, 4000, 6000 HZ) nan toulède zòrèy yo avèk gap son nan lè ki pa depase 10 dB HL.
 - c. Evidans yon malfòmasyon anatomik zòrèy eksteryè epi/oswa zòrèy mwayen an asosyasyon avèk yon pèt tandè \geq 30 dB HL mwayèn son pi 500, 1000, e 2000 Hz nan pi bon zòrèy la.
 - d. Pèt tandè sansorinal ki depase 50 dB HL nan zòrèy ki pi mal la ki baze sou mwayèn son pi 500, 1000, 2000 Hz. Gap son nan lè pa dwe depase 10 dB HL.
2. Evidans yon pèt tandè kondiktif ki pa rezoli oswa reaparèt kwonikman ankonbinezon avèk omwens 4 nan sa ki pral site la a:
 - a. 4 oswa plis epizòd antrit nan 12 mwa; prensipalman ki rive nan toulède zòrèy yo
 - b. Yon sèl epizòd antrit ki dire plis pase 3 mwa, prensipalman ki rive nan toulède zòrèy yo
 - c. Endikasyon pèt tandè k ap chanje (evalyasyon oyolojik revele mwayèn son pi 20 dB oswa pi mal nan zòrèy ki pi bon an; OSWA rapò moun k ap bay swen an oswa doktè a)
 - d. Moun k ap bay swen an oswa doktè enkyete de devlopman pawòl epi/oswa langaj (i.e., kòm sa konpare avèk "Sekans Devlopman pou Timoun avèk Tibebe : Oditif, Langaj, ak Pawòl")
 - e. Enkyetid moun k ap bay swen konsènan repons konpòtmantal lè yo bay timoun lan lòd oswa yo mete l nan kèk nouvo sitiyasyon.
 - f. Laj kwonolojik de 18 mwa oswa plis
3. Evidans dis-senkroni oditif (newopati oditif) nan toulède zòrèy yo ki karakterize pa yon seri inik rezilta tès pou konpòtman epi tès oditif fizyolojik.

Plan Sipò pou Fanmi (FSP)

Yon fwa yo detèmine yon timoun elijib pou Pwogram Entèvansyon Bonè pou Timoun & Tibebe, yo devlope yon FSP. FSP an baze sou enkyetid fanmi an, li mete an priorite rezilta evalyasyon an epi li dokimante sèvis ak sipò espesifik k ap nesèsè pou ede rponn a bezwen inik timoun lan ak fanmi an nan lavi chak jou. Yon revizyon peryodik PSF lan fèt chak si mwa pi evalye chak ane oswa pi souvan selon demann fanmian osa ekip lan. FSP an ka enkli fòmasyon fanmi an pou l aprann plis sou:

- devlopman jeneral timoun epi tibebe ikonpri devlopman sosyal e emosyonèl
- estrateji pou entèaksyon ant paran ak timoun lan ki ogmante omaksimòm opòtinite devlopman langaj
- ide pou ede pitit ou an ogmante omaksimòm kapasite l pou tande
- kijan pou itlize teknoloji pou tande pitit ou an
- kijan pou kominike yon fason efikas
- opòtinite pou rankontre lòt fanmi ki gen timoun ki gen pèt tande
- opòtinite pou sipò lòt timoun nan fanmi an
- asistans sosyo-esikolojik pou fanmi pou ka diskite zafè nan fanmi an ki gen rapò avèk pèt tande pitit ou an
- kijan pou prepare pou yon tranzisyon pou nouvo sèvis yon fwa pitit ou an vin gen twa zan

TEKNOLOJI KI POU FE OU TANDE YO



Avantaj ke ou ap jwen nan teknoloji pou tande yo ki disponib lè ke yo konsilte timoun ou wan yo wè ke li vin pa tande ankò bagay sa pral bay timoun ou wan you okazyon pou byen bonnè li retande son. Okenn timoun pa twò piti pou yo fè li ekzamen pou wè si li tande byen oubyen pou li mete ti aparèy ki pou ede li tande byen yan. Genyen anpil bagay ki parèt nan teknoloji ki ka fè ke timoun yo kapab tande you kantite ke ou pa te ka konprann de you valè bri ke yo ka sèvi pou devlope lang yo prensipalman pa tande yo.

- **Aparèy ki pou ede ou tande ya ak kijan yo mete yo**
 - **Kisa aparèy ki pou ede ou tande ya ye?**
 - **Poukisa li enpòtan pou ke timoun mwen yan mete ti aparèy ki pou ede li tande ya?**
 - **Kisa ki disponib kan ti aparèy ki pou ede ou tande ya pa genyen ase pisans?**
 - **Kiyès ki deside ki kalite ti aparèy oubyen ki kokleè ki pou ede ou tande ya epi kijan pou yo mete yo?**
 - **Konbyen fwa nou dwe ajiste ti aparèy ki pou ede ou tande ya?**
 - **Kijan mwen ka ranje ti aparèy ki pou ede mwen tande ya?**
 - **Kijan ti aparèy ki pou ede tande ya travay?**
 - **Kijan ke Kokleè yo enstale ya travay?**
 - **Ki diferan kalite tip de ti aparèy ki pou ede ou tande ki genyen?**
 - **Ki Tip de sikui ki disponib nan ti aparèy ki pou ede ou tande?**
 - **Kiyès ki pi bon Ti aparèy ki pou ede ou tande konvansyonèl yo—oubyen ti aparèy ki pou ede ou tande ki ka Pwograme yo?**
- **Ki Fason ke mwen ka gade ti aparèy ki pou ede mwen tande byen tache sou zòrèy la?**
- **Konbyen fwa pou yo refè moul pou yo mete nan zòrèy la yo?**
- **Ki lòt kalite bagay ki ta kapab ede mwen ak timoun mwen yan?**
- **Kisa Sèvis Relè ya ye?**

Ti Aparèy Ki Pou Ede Ou Tande Ya

Paran yo genyen bezwen konprann ak ak kotwole ti aparèy ki pou ede ou tande yo epi/oubyen lòt ekipman ki pou ede timoun ou wan tande.

Kisa ti aparèy ki pou ede ou tande ya ye?

You ti aparèy ki pou ede ou tande se you ti bagay pou mete an zòrèy, ki genyen pou wòl anplifye obyen fè bri yo vin pi fò pou moun ki pa tande ankò yo. Objektif li se pou bay kapasite pou pou mou ki pa tande ankò yo oubyen moun ki tande di yo , tande pawòl yo ak tout ti bri ki ap fèt nan anviwonman nan you nivo ki nòmàl.

Poukisa Ti Aparèy ki pou ede ou tande ya enpòtan pou pitit mwen yan?

Ti bebe yo kòmanse tande depi lè yo nan matris manman yo, anvan ak 3 mwa apre lè yo fin fèt kapab fè diferans ant you vwa ak you lòt kalite bri ki pale ki fèt. You timoun ki fèt san ke li pa tande deja pare pou li konnen ki kalite aparèy ke li pral genyen bezwen pou li konprann ki sòt de bri oubyen ki kalite pawòl li ap tande. Plis son wan anplifye pou timoun nan depi lè li leve bone se plis li genyen pi bon okazyon pou li konprann kalite bri ki ap fèt nan antouray li yo pou li ka devlope lapawòl pi nòmàl ke posib.

Menm timou ki pa tande ditou yo, mande you aparèy ki pou anplifye bri yo ki ka pèmèt yo devlope kapasite yo san ke sa pa genyen okenn konsekans sosyal, kopòman yo oubyen kèk konsekans sou sa ke yo ap aprann lan. Ak chak mwa ki pase san ke yo pa tande pi bon jan pou yo ta tande ya, timoun nan vin genyen you risk pou li vin ka pale ak tande ki vin an reta. Pou chak mwa se pou timoun nan mete ti aparèy ki pou ede li tande ya pi wo, lè sa tifi oubyen tigason sa pa genyen okenn risk pou li pa pale ak tande byen ki vin an reta. Lè yo pran you anplifikasyon ki apwopriye nan sèvis ak nan fanmiy apwopriye nan premye tretman, you timoun kapab prevwa pou li devlope pandan petèt you mwa li ap pale pou chak mwa premye tretman. San li pa anplifye, you timoun ki pa tande pa kapab prevwa devlope lapawòl ak lòt kapasite pou li pale ak ti to sa.

Paran yo ki pa genyen anplifikasyon ke yo konn abitye sèvi yo, ta dwe konsidere fason pou pale pa siy nan yo tankou you premye mwayen kominikasyon pou devlope pale ak tande kay timoun sa yo ki pa tande yo. Rechèch ke yo fèk sot fè yo, pwouve ke ti bebe ki pa tande yo, epi ki pa genyen okenn lòt pwoblèm ankò yo kapab resevwa you premye tretman anvan ke yo genyen 6 mwa, san ke yo pa genyen posblite pou yo geyen lòt pwoblèm ki pral aji sou langaj yo lè yo ap antre lekòl, bagay sa yo pa gade ki fason ke fanmiy yo te anplwaye.

Kisa ki disponib kan ti aparèy ki pou ede ou tande ya pa genyen ase pisans?

Kokleè ke yo mete ya fèt pou ede timou yo ak jèn yo ki pa tade yo oubyen ke “nè tande” tande ankò oubyen menm si se pou you premye fwa. Kokleè yo ke yo mete se you opsyon ki pou timoun ki genyen pi piti ke 12 mwa ki soud anpil, pou yo mete nan de zòrèy yo; ki pa fin tande byen oubyen ki ap devlope kèk bagay nan zòrèy; epi se you fason pou yo fè espwa fanmiy ki nan ka sa yo vin pi wo. Timoun yo ki genyen plis pase 2 zan, se pou yo menm yo ap kapab mete pote ti aparèy lan de zòrèy yo lè yo soud anpil oubyen si soud pa yo wa grav (nè ki fè ou soud); resevwa you ti kras avantay oubyen pa resevwa ditou avantay ditou konsènan ti aparènan ti aparèy ki pou ede ou tande yo; epi pwogrè manke konsènan kalifikasyon ti aparèy pou tande yo.

Lè yo mete you ti aparè ki pou ede ou tande nan zòrèy li vin fè kèk chanjman li bay kèk ti enpilsyon elektrik, ki ka aji fòse nè ki pou fè ou tande yo, lè sa sèvo ap konpran mesaj la epi li epi li ap rekonèt tankou you bri. Pou timoun nan genyen you peryòd pou pou ajiste li pandan ke sèvo wa kòmanse ap konprann mesaj la epi li ap rekonèt ti bri yo ou ka mete ti aparèy la. Valè tan ke ou ap pran nan peryòd pou ajiste ti aparèy la epi nan ki pwèn you timoun ka aprann sèvi ak bri yo pou kominikasyon epi aprann chanje de you moun a you lòt.

Kiyès ki deside ki kalite ti aparèy oubyen ki kokleè ki pou ede ou tande ya epi kijan pou yo mete yo?

Paran ak doktè ki ap okipe yo de tande timoun yo ta dwe vini ak you desizyon konsènan kijan pou anplifye li oubyen konsènan ti aparèy la ke yo mete nan zòrèy ou wa apre ke yo fin konsidere anpil kalite bagay. Anpil nan bagay sa yo, ki genyen ladan yo karakteristik sou sa ki fè ou pa tande ankò yo ak teknoloji ki disponib yo. Ti aparèy ki pou ede ou tande yo fèt espesyalman pou mete yo li nan zòrèy yo pandan pou piti 3-6 mwa anvan ke aparèy ke yo mete ya yo aksepte li. Lè ou vin pa tande nan zòrèy la mande pifò fwa ke yo ajiste ti aparèy la nan chak zòrèy epi/ oubyen se pou yo mete kokleè ya nan youn nan zòrèy. Paske genyen anpil enfòmasyon ki pale plis de lè moun pa tande ankò, lè sa yo kapab ajiste ti aparèy ki pou pèmèt ou tande ya. You manm nan ekip kokleè ya ap enstale kokleè ya nan zòrèy la. Doktè ki okipe li de tande moun nan ap fè kèk esè ak ti aparè ki pou ede ou tande yo oubyen ak kokleolè ke li ap mete nan zòrèy timoun ou wan pou li ka konfime ki avantay li jwenn jan li ajiste aparèy yo.

Konbyen fwa nou dwe ajiste ti aparèy ki pou ede ou tande ya?

Jiska laj de twa zan, ekipman ki pèmèt ou tande yo ak anplifye son yo ta dwe jwenn kèk kontwò pou pi piti **chak twa mwa**. Timoun yo ki genyen pi piti pase 6 mwa yo pral genyen bezwen plis siveyans pou chanje ekoutè ki nan ti aparèy la pandan ke timoun nan ap grandi byen vit. Pandan ane preskolè yo (nan laj 3-5 lane)se pou yo fè ekzamen tande **chak si mwa** sèlman si ta genyen kèk chanjman ki mande pou yo ta fè kèk entèvansyon pi bone.

Kijan mwen ka ranje ti aparèy ki pou ede mwen tandè ya?

Ou pa bezwen sezi, ti aparèy ki pou ede timoun yo tandè ya bezwen ke ou kontwole yo chak jou pa jèn yo nan lavi timoun yo. Pwoblèm ke yo rankontre plis se pwoblèm matris batri yo, ekoutè ya ki boche ak kras, ekoutè konn vin twò gwo pou kòd la ki vin file anpil akòz li sèvi twòp oubyen se kès ti aparèy la ki pou ede ou tandè ya fann. Kan nenpòt nan pwoblèm sa yo ta prezante, tifi oubyen tigason sa ki genyen aparèy sa pa tandè jan li ta dwe tandè. Paran yo ta dwe asire yo ke ke yo verifye ansanm ak doktè ki ap okipe yo de tandè timoun nan yo enfòmasyon ak you demonstrasyon sou sou kijan pou yo ranje ti aparèy ki pou ede timoun nan tandè ya si li ta vin genyen you pwoblèm konsa.

Kijan ti aparèy ki pou ede tande ya travay?

Son yo se you mikwo ki anrejistre yo epi pote yo bay you pwosesè ki detekte siyal (anplifikatè) kote yo fè yo vin pifò epi yo fè moun ki soud oubyen ki pa tande byen yo tande. Lè sa bri ya ale nan reseptè ya epi li bay li nan ekoutè ya nan zòrèy la.

Ekoutè: se you ti moso plastik ke yo fè sou kòmman sou gwosè zòrèy ou ki lakòz ke son wan pa soti pou li retoune vin sou fòm bri pike (sifle).

Tib: se li ki konekte ekoutè ya ak ti aparè ki pou ede ou tande ya. Li byen kole nan ekoutè ya epi li kapab dekwoche nan zòrèy la. Si toutfwa li ta chire, fann, oubyen si li ta genyen you ti twou, yo ka chanje li.

Kwochèt pou zòrèy: se you ti bout plastik di ki kenbe ti aparèy ki pou ede ou tande ya sou zòrèy ou, li pwoteje reseptè ya, epi bri yo ki soti nan kanal ekoutè ya. Pou kapab genyen you fil ki pou fòm pi lwen bri ya lè ou pa tande. Ou ka chanje li si li fele oubyen si li kraze.


Reseptè: opalè ki nòmal ki anndan ti aparèy ki pou ede tande ya ki ouvri anndan kwochèt pou zòrèy la.

Mikwo: rasanble ti bri yo pou li kapab anplifye yo pa you ti tou ki anndan aparèy ki pou ede ou tande ya.

Switch: sèvi pou ouvè oubyen pou fèmen ti aparèy ki pou ede ou tande ya.. Jan yo konn abitye ye O = off; T = telefòn oubyen sistèm FM, MT = ti aparè ki pou ede ou tande ya mikwo ak sistèm FM; M = mikwo jwenn son ki soti nan ti aparèy la ki pou ede ou tande ya.

Kontwòl volim: Nou konn abitye wè you wou ki genyen you bann nimewo ke chak fwa ou al sou youn son wan chanje. Tank ou ap desann li se tank son wan ap vin pi piti. Genyen kèk ti aparèy ki pou ede ou tande kote ke volim nan tou ajiste otomatik epi yo menm yo pa genyen ti wou ki genyen nimewo wa.

Pòt Batri: kenbe batri yo, ke yo dwe chanje chak 1-2 semèn, selon pisans li selon ak selon ak valè fwa ke timoun nan mete ti aparèy ki pou ede li tande ya nan zòrèy li. Pou ouvè pòt batri ya fòk ti aparèy la fèmen. Batri yo se PWAZON si vale li ak pòt rezistans lan yo jèn timoun nan yo mande yo.



Batri ki anndan ti aparèy ki pou ede ou tande yo se pwazon epi yo pa ta dwe kite yo kote ki genyen timoun piti ki ap pase. Si yo ta vale li, se pou rele tout swit nan liy dirèk **Florida Poison Hotline (800) 282-3171** oubyen se pou rele **National Poison Hotline (800) 222-1222**.

Kijan ke Koelè yo enstale ya travay?

You kokleè ke yo mete se you ti aparèy ki genyen de bagay, youn ki deyò (sa ki ap sèvi deyo yo) ak you lòt ki anndan (sa ke yo te fè operasyon pou yo te met yo nan zo tèt la). Pati ki deyò wa, genyen ladann mikwo ki dèyè zòrèy la, you pwosesè ki pou pran siyal pawòl la, ak you emetè ki ke yo mete sou po tèt la dèyè zòrèy la. Pati ki anndan yo genyen ladan yo, you reseptè, genyen you leman ke yo mete anba po wa dèyè zòrèy la, epi genyen kèk elekwòd an fil ki pou regle tandè zòrèy la. Nan anpil nan nouvo modèl yo fè yo, pwosesè ak emetè pawòl la yo tou de fè you sèl epi yo kapab mete nan zòrèy la (li sanble ak you ti aparèy BTE ki pou ede ou tandè).

Kokleè ou ap pote ya pran tout ti bri yo nan mikwo ki deyò wa epi li chanje yo an enèji elektrikki kode patikilyèman nan pwosesè lapawòl la. Siyal sa transmèt bay bay elekwòd ki anndan yo ki ap fòse nè ki pèmèt ou tandè yo voye you siyal bay sèvo wa. You doktè ki espesyalize li nan pati je-nen-gòj-zòrèy ka fèou yo operasyon pou li mete kokleè ya ki pou pèmèt ou tandè ya nan you lopital ki fèt pou sa. Apre operasyon ou pap pran anpil tan pou refè (you mwa), yo ap mete li yo ap plase (trase) pou timoun espesyalman. Jan yo trase li ya dwe fèt nan bon kondisyon pou ka asire ou ke timoun nan tandè kòrèkteman. Timoun yo ki genyen you kokleè ke yo mete pou yo pase ekzamen epi doktè pedyat ki espesyalize li nan zòrèy la kontwole kokleè ke yo mete pou li ya.

1. Mikwo pwosesè pawòl la resevwa son yo.
2. Son wan anlize, vin sou fòm dijital epi kode nan you siyal.
3. Siyal ki kode sa yo al nan emetè ya.
4. Transmetè ya li menm li voye kòd la pa po wa bay pati ke yo mete anndan kote li konvèti yo an siyal elektwonik.
5. Siyal elektwonik sa yo al nan ranje elekwòd yo pou ka fòse fib nè yo ki nan tandè zòrèy la.
6. Siyal yo ale nan sèvo wa kote ke sèvo wa idantifye yo tankou you bri ki vin fè ou tandè.



Ki Diferan Kalite Tip de ti aparèy ki pou ede ou tande ki genyen?

Dèyè ti Aparèy (BET) ki pou ede ou Tande ya

Bagay sa genyen tout pati ki nan you ti aparèy ki pou ede ou tande ke yo byen vlope li nan you bagay ki antre byen nan zòrèy la. Siyal rive jwenn zòrèy la pa ekoutè ya. Ti aparè (BET) ki pou ede ou tande se ak li yo plis sèvi epi se li ki pi rekòmande pou timoun piti yo.

Anndan Zòrèy la (ITE)

Ti aparèy sa yo di epi yo konn fè yo sou fòm tou zòrèy la pou li kapab ajiste nan zòrèy la. Anpil nan timoun piti yo genyen zòrèy yo ki twò piti pou yo mete ti aparèy ki pou ede yo tande ya epi ja yo grandi vit la ta mande ke se ti aparèy pou ede yo tande ki ka refèt la yo pran, pou yo ka fè sa nan kèk entèval ki vit.

Anndan kanal la (ITC)

Ti aparèy ki pou ede ou tande sa yo, yo fèt ak bagay di ki kapab ajiste nan kanal zòrèy la. Yo genyen you ti kras longè anplis bouch kanal zòrèy la epi yo pi piti ke ti aparèy ITE ki pou ede ou tande yo. Epi ankò, timoun ki tou piti yo genyen zòrèy yo ki twò piti pou ti aparèy ki pou ede ou tande sa yo epi fason ke yo ap grandi byen vit sa pral ande ke yo refè ti aparèy sa ki pou ede yo tande ya, se pou yo ta refè yo nan entèval ki vit.

Kondiksyon zo nan ti aparèy ki pou ede ou tande ya:

Se you kalite ke yo fè ki adapte li patikilyèman a modèl ti aparèy ki pou ede ou tande dèyè zòrèy la. Timoun yo ki pa tande ankò yo epi/oubyen ki genyen pati deyò zòrèy mal fòm oubyen pa genyen pati deyò wa ditou ap kapab mete kalite ti aparèy sa nan zòrèy yo swa medikalman oubyen pa you operasyon lè sa yo sèvi ak kondiksyon zo pou ti aparèy ki pou ede ou tande ya.

Aparèy ki pou ede ou tande nan Transpozisyon:

Se you ti aprè ki pou ede ou tande ki espesyal li menm li pran bri yo a you frekans ki wo (lansman) epi diminye yo nan gam frekans bas la poutèt pou moun nan ki nan sitiasyon wan kapab tande sèman sa ki nan gam bala ak sa ki nan mwatye gam frekans lan. Nan fason sa, tout ti bri pawòl yo pa sonnen nòmman pou you moun ki pa tande nan gam nòmman la.

Aparèy Vibro-Taktil ki pou ede ou tande:

Yo èvi ak li anpil fwa pou timoun ki pa fin tande byen oubyen ki pa tande ditou son/pawòl ki fèt nan lantouray yo. Kèk nan aparèy vibro taktikl yo genyen dives kalite son ki transmèt pa you relè ki wo ki voye enfòmasyon ki te vini ba.

Ki Tip de sikui ki disponib nan ti aparèy ki pou ede ou tandè?

Sikui Konvansyonèl yo oubyen ki ka ajiste sou ti aparèy ki pou ede ou

tandè: Sèvi ak you pwosesè ki ke yo te konn sèvi lontan pou jwenn siyal analog yo. Doktè ki ap okipe li de zòrèy la kapab chanje repons ti aparèy ki pou ede ou tandè ya lè li ajiste kòmman ki nan ti aparèy ki pou ede ou tandè ya.

Sikui pou ti aparèy ki pou ede ou tandè ya ke ou ka pwograme yo:

Tretman Siyal Analòg la: Sikui sa yo genyen you pis (sikui entegre) anndan yo pou yo ka pi byen ajiste son wan. Yo kapab genyen kèk ti kanal tou ki pou koupe ti bri yo an you sèl pyès pou ke yo ka resevwa anplifikasyon ki fèt la dapre karakteristik moun sa ki pa tandè ya. Doktè ki ap okipe li de zòrèy la ap sèvi ak you òdinatè pou li kapab fè ajisteman yo jan ke sa dwe fèt nan ti aparè ki pou ede ou tandè ya nan fason ke ti aparè la resevwa son wan. You fwa ke li fini li ka yo ka reyajiste byen fasil.

Tretman Siyal Dijital la: Sikui sa yo sèvi ak you mikwo pwosesè ki anndan pou konvèti bri an nimewo selon you fòmil matematik ke yo rele algoritm. Algoritm lan chanje otomatikman bri ya pou you bann mouvman ki diferan. Doktè ki ap okipe li de zòrèy la ap sèvi ak you òdinatè pou li kapab fè ajisteman nan you fason pou ti aparèy la trete bri yo.

Kiyès ki pi bon Ti aparèy ki pou ede ou tandè konvansyonèl yo—oubyen ti aparèy ki pou ede ou tandè ki ka Pwograme yo?

Ti aparèy ki pou ede ou tandè yo ke yo ka pwograme yo, dabitid yo pi chè ke lòt ti aparèy ki pou ede ou tandè yo men ki konvansyonèl la yo, men malgre sa yo tou de kapab bay you son menm kalite. Men premyèman, yo bay pi bon rezilta pandan ke pako fin wè nivo tandè timoun nan oubyen kan nivo tandè timoun nan chanje. Byen ke teknoloji ki nan ti aparèy ki ka pwograme yo avanse anpil, ti aparèy ki pou ede ou tandè ke yo ka pwograme yo pa nesèsè pou tout moun ki pa tandè. Pale de sa ak doktè ki ap okipe li de zòrèy konsènan kiyès ki ap pi bon pou pitit ou wa.

Ki Fason ke mwen ka gade ti aparèy ki pou ede mwen tandè byen tache sou zòrèy la?

Si you fanmiy ta genyen pwoblèm ak sa, se pou li asire ke li pale de sa ak doktè ki ap okipe li de zòrèy la prese prese. Genyen you seri de ti ajisteman byen senp ki kapab fèt nan plasman oubyen nan longè tib la oubyen nan pati ekoutè ya ki kapab ede ou. Epi tou genyen anpil lòt ti bagay ki kapab ede ou kenbe ti aparèy ki pou ede tandè ya byen tache sou zòrèy pitit ou wa. Youn nan dènye pwodwi sa yo rele "Huggies." You lòt solisyon se sèvi ak bann akote tisi doub la oubyen bann toupe ya (kontwole pou ka asire ou si bann nan pa irite po timoun ou wan). Anpil paran wè ke li itil pou yo mete you ti moso twal swa pou dan nan ti aparèy ki pou ede ou tandè ya nan you ti gachèt sekirite ki fikse sou do chemiz timoun nan. Nan fason sa, si ti gachèt ki byen chè ya soti nan zòrèy timoun nan, li pap

pèdi li ap rete tache nan ti aparèy ki pou ede timoun nan tandè ya. You adrès entènèt ki genyen you bann enfòmasyon itil sou sa nou sot pale la yo se <http://www.listen-up.org/aids-out.htm>.

Konbyen fwa pou yo refè moul pou yo mete nan zòrèy la yo?

Timoun ki genyen ti kò yo byen jèn, ki genyen ladann zòrèy yo, ki ap devlope a you vitès ke nou pa te ka kwè epi lè sa nou ta dwe refè moul zòrèy la pi souvan pou nou ka chanje yo pi souvan. Ou kapab bezwen refè moul lan nan you espas tankou chak 3-6 semèn lè timoun nan jèn anpil. Pandan ke timoun nan ap grandi, li devlope mwens epi le sa ekoutè pral bezwen refèt mwen souvan. Ekoutè ya dwe byen chita nan zòrèy la oubyen son ap retounen (you bri pike fò) ki pral fèt. Byen ke lè ou bese volim ti aparèy ki pou ede ou tandè ya son ki ap retounen sou fòm pike fò ap bese tou pandan kèk jou, li bese tou fòs son klè ke timoun nan tandè ya. Premye fwa ou wè ke ti aparèy la ap bay ti son ki retounen sou fòm pike fò wa, paran yo dwe rele doktè ki ap okipe li de zòrèy la pou li vin pwograme you fwa pou li pran mezi pou li fè lòt ekoutè. You fwa ke yo fin pran mezi pou fè lòt ekoutè yo, li ka pran 1-2 semèn konsa pou laboratwa ekoutè ya fin fè sa ki bon wan. Lè ou ap tann ke yo al fè ekoutè ya sa ka genyen konsekans ke pandan kèk semen ou ap tandè ti bri ki ap retoune yan ki pike fò wa, oubyen oubyen ke ou rete ak ti aparèy ki pou ede ou tandè ak volim nan byen ba ki fè timoun ou wan vin pi difisil pou li tandè epi devlope lapawòl.

Ki lòt kalite bagay ki ta kapab ede mwen ak timoun mwen yan?

Teknoloji Pou Sistèm Tandè FM nan

Timoun yo ki sèvi ak you ti aparèy ki se sistèm FM ki pou ede yo tandè kapab genyen pi gwo difikilte pou yo pale kan genyen ti bri ki ap fèt anba anba oubyen kan genyen you opalè ki ap jwe a you distans ki ka ale pi lwen ke pye. Pou sityasyon sa yo, you sistèm san fil FM ta kapab pi bon pou sèvi. You sistèm FM ki genyen de pati prensipal anplifikatè/reseptè ke timoun nan pote ya ak mikwo/transmetè voye li bay opalè ya. Sistèm FM nan fèt pou anplifye siyal ki soti nan mikwo/transmetè you fason pou li vin pi fò ke siyal ou resevwa pa reseptè/mikwo. Inan fason sa, pawòl ki ap soti nan opalè ya toujou pifò pase nenpòt lòt ti bri ke timoun nan tandè yo. Kèk timoun kapab sèvi ak sistèm FM lan tankou you premye fòm anplifikasyon tandiske genyen lòt ki ka sèvi ak sèlman aranjman ki kon fè bri yo. Menmsi se ak you sistèm FM ke ou ap sèvi pou premye anplifikasyon wan, timoun nan yo ta dwe genyan pandan jounen yan kote yo ap tandè pa mikwo anviwonman pase se mikwo sistèm FM lè sa yo ap kapab devlope kèk kalifikasyon san pwoblèm pou yo ka localize yo.

Anplifikatè Telefòn

Se you bagay ki vin fè ou tandè siyal telefòn pi fò epi ki kapab sèvi ak ti aparèy ki pou ede ou tandè ya oubyen san ti aparèy ki pou ede ou tandè ya.

Fèmen kapchon

Se you bagay ke yo mete nan televizyon oubyen ki tou anndan televizyon wan ki pèmèt ou kapab li sa ke moun ki ap pale yo ap di.

Kisa Sèvis Relè ya ye?**RELE NAN 1-800-955-8771**

Yo bay aksè telefòn a moun ki tande di yo, ki soud yo, oubyen a sa ki pa pale ki pa tande yo. Yo ede espesyalman Asistan nan Kominikasyon (CAs) ki ka fè tout kout fil yo epi ki rete sou liy lan pou pou transmèt pa relè mesaj elektwonikman pa Telefòn Tèks yo (TT/TTY) ou dirèkteman de bouch a zòrèy. Nimewo ke ou ka rele gratis ak aksè pou peye ya se 1-800-955-8771.

Sèvis la disponib 24 rè pa jou, san ke li pa genyen you valè apèl pou li pran pa jou. Zouti kominikasyon sa yo valb pou tout moun ki soud, tout moun ki tande di, oubyen tout moun ki pa pale ki pa tande ki pa genyen okazyon pou yo jwenn kout fil pèsònèl epi pou yo fè biznis tankou nenpòt lòt moun ki ap sèvi ak you telefòn. Pa TT/TTY ak vwa moun ki ap sèvi ak yo kapab bay kèk apèl pa sèvis relè ya. Moun ki pa kapab pale oubyen tande nan telefòn dwe genyen bezwen you telefòn telesriptè TTY. Apèl ke yo fè nan Sistèm Relè Florid la pa genyen okenn moun ki kon sa. Tout apèlyo ap rete prive, epi pa genyen okenn disk ki anrejistre konvèsasyon ke ou te fè ya.

POU VIN YON BON PARAN



Tout timoun bezwen twa kalite resous nan kò yo si yo ta vle vin tounen jèn ki tou genyen disiplin sou yo:

1. Bon santiman konsènan pwòp tèt li ak lòt moun;
2. Byen konpran sa ki byen ak sa ki pa bon; epi
3. Toujou genyen solisyon pou rezoud pwoblèm.

Douz Fason pou Leve Timoun Ki Pou Fè yo Genyen Disiplin ak Pwòp Tèt yo ak pou yo Vin Jèn Ki Responsab:

1. Montre yo ke ou renmen yo

Yon ti jès pou montre yo ou renmen yo kapab siprime move konpòtman. Kan you timoun, tifi ou tigason, santi ke yo renmen li, li vle fè paran li plezi. You bèl ti lè nan figi ou, you ti vwa byen dous, you ti jan ou gade ak anpil admirasyon ak kè kontan, you ti kwoke, tout bagay sa yo montre kijan ke ou renmen yo vre. Kèk timoun ki pi gran, ki kon santi ke yo anbarase pa kè jès fizik, ta renmen anpil yon jwèt tankou yon match espesyal de tan zantan ak manman yo oubyen ak papa yo.

2. Pa bay sipriz

Timoun yo byen kontan lè yo nan you anviwonman ki pa ba yo sipriz, ki pa bayo kè sote. Tout ti rutin yo ak pwogram yo fè yo, tout bay you santiman estabilite ak sekirite. Bagay sa mache tou ak konpòtman paran yo – ak mesaj konfòm yo ak konsekans rezonman yo, ki pral vin fè ke timoun sa-a fè paran li konfyans. Konsistans lan kapab enpòtan pou anpil timoun ki pa tande ankò oubyen ki pa fin ka kominike twò byen.

3. Kominike Klèman

Asire ou ke mo ou ap di yo vle di menm bagay ak jès ke ou ap fè yo. Timoun ki piti yo bezwen anpil eksplikasyon bagay yap di yo. Pou montre yo you bagay ke yo pa kapab wè “pataj” se pou fè sa ak kèk ekzanp.

Si genyen you defi nan kominikasyon wan paske te genyen you moun pa tande ankò, wa oblije devlope yon bon sans fason pou konble vid sa-a. Ak you timoun ki pa tande ankò, konsidere ke ou te kreye you fason pou ka asire ou ke mesaj ou bay la, li konprann li jan ke ou te vle an. Fè li repete sa ke li te konprann lan. Fè you jwèt ak wòl yo pou aprann teknik pou poze kesyon ki pral vin esansyèl nan kay la, nan lekòl la, ak nan tout anviwonman kote timoun nan ap viv la.

4. Konprann Pwoblèm Konpòtman

Antan ke bon obsèvatè, ou kapab jwenn enfòmasyon ki kapab ede ou konprann konpòtman timoun ou wan. Chèche you model. Kisa ki te pase anvan ke move kondwit lan te kòmanse? Kilè, ki kote, epi kiyès ki te la lè sa te pase ya? Eske genyen you kòz fizik ki esplike bagay sa tankou grangou oubyen fatig? Esperyans ke yo te fè sou kominikasyon wan pa te reyisi, rezilta yo te kraze sa nèt, se te kòlè ak kite sa? Eske tifi sa oubyen tigason sa te santi li menase depase oubyen yo te meprize li? Timoun ou wan èske li ap chèche atansyon wan you jan dezagreyab? Oubyen èske li pakab adapte li a la vi-ya oubyen li montre ke li genyen you enèji fizik ki negatif? Sa li ta gen bezwen ...pinisyon oubyen you moun pou koute plenyen li yo?

5. Gentan Pran Timoun nan Pandan li “Bon”

Li fasil pou aksepte sa ke nou dakò, epi li difisil pou blye sa ke nou pa renmenl. Bagay sa yo vin fè ou pi fasil pou kite pase okazyon pou ta fè konpliman pou bon konpòtman epi pou rete chita sèlman sou move konpòtman. Montre timoun ou wan lè ou kontan epi lè ou apwouve sa li fè ki bon. Chanje pawòl ki te “non” nan pawòl ki se “wi” , tankou “ Mwen renmen kijan keou pran swen de bèl po antik sa-a.”

6. Mete Timoun yo nan you Anviwonman ki pa genyen sa ki pa bon

Timoun yo renmen evolye epi pran plezi nan anviwonman kote ke yo ka pran bagay, monte sou yo, demonte yo, epi (petèt) ranje yo. Se pa you twò move bagay, sa nati pa timoun yo menm ki konsa. Se pou sa ou mete yo nan you bon anviwonman ki pa genyen pwoblèm. Plis kote ya genyen bagay pou timoun nan kontwòl se plis kote ya bon, timoun nan va genyen mwens pwoblèm move konpòtman. Konsidere kijan bagay sa mache ak timoun yo oubyen menm ak jèn timoun yo. You anviwonman ki bon se you kote ke tout prensip yo ak tout limit yo byen esplike epi byen konprann

7. Etabli règ ak limit ki rezonab

Ni paran yo ni timoun yo pa ta renmen viv you kote ki tankou yon diktati, ki tèlman gan règleman ke yo pa ka obsève tout. An jeneral, timoun piti kapab konnen sèlman 2 zou 3 règleman, epi yo bezwen anpil siveyans de granmoun yo pou obsève règleman sa-yo. Fè ke lang nan vin senp pou yo epi dirèk, tankou: “Sèvi ak mo yo. Pa frappe”.

Tank timoun nan ap grandi se tank limit lan yo ka fè yon ti lache. Sòti de limit yo, se yon bagay ki mande anpil konfyans ant paran ak timoun lan. Si timoun piti ou wan oubyen jèn timoun ou wan montre ke li genyen you konpòtman ki responsab, li ta dwe jwen you rekonpans ak kèk lòt privilèj. Si li manke responsablite, limit yo kapab vin pi sere jiskaske konfyans yo etabli ankò.

8. Dezamòse etap Eksplozyon wan

Se pou fè sa kan timoun ou wan ase kalm pou li fè diskisyon sou you pwoblèm. Se pou gentan fè entèvansyon anvan ke ou gentan vin an kòlè. Si kèk sitiyasyon konn mete dezagreman, pale de sa anvan tan epi kreye kèk plan pou ka fè fas a pwoblèm yo epi pou ka rezoud yo. Pou timoun ki pa tandè byen, li rive souvan ke yo pa konpran yo, paske yo nan you kote ki genyen diferans nan komunikasyon; sa ka fè yo vin fache oubyen an kòlè. Se pou prevwa jan de sitiyasyon sa yo. Anpil fwa paran yo kapab ede timoun yo evite bagay sa lè yo pale ki solisyon ke yo ka pote nan pwoblèm nan yo ke yo ka sèvi ak solisyon sa yo lè genyen kriz.

9. Se pou Aprann Yo Kèk Bon Teknik Pou Solisyon Pwoblèm yo

Genyen kèk bon solisyon pou pwoblèm yo, epi kèk solisyon ki pa bon tou. Kijan ou ap fè pou timoun ou wan ka konnen ki diferans ki genyen ant yo de ya? Se pou kòmanse pa konpòtman ke ou pa ka aksepte ya epi eksplike poukisa ou pa kapab aksepte li. Se pou swiv ak sijestyon ki pozitif pou ka fè li lòt fwa ki ap vini yo. Pou timoun ki genyen pi piti ke kat an, li pi bon pou ta di yo sa ou ta vle yo fè lòt fwa ki ap vini yo. Pou timoun ki pi gran yo ki kapab pale ak panse pou kont yo, mande yo kijan yo ta wè li ta pi bon pou yo fè li lòt fwa ki ap vini yan. Ou kapab di ki lòt solisyon ke ou ka fè si ou bare tou. Timoun yo ap grandi epi yo ap vin granmoun, yo kapab sèvi ak taktik plis ak siksè si yo ap fè pratik sa depi lè yo timoun.

Si genyen you pwoblèm ki prezante akòz bagay ke yo pa te byen konpran, ki anpil fwa konn parèt kay timoun ki pa tandè byen, se pou sèvi ak menm mwayen sa yo, epi se pou eksplwate chak okazyon sa yo pou ka ogmante baz langaj timoun ou wan konsènan kè pwoblèm ke li bezwen rezoud. Lè ou konnen esprime panse ou ak santiman ak opinion timoun lan, sa ap ogmante kapasite yo pou rezoud pwoblèm yo.

10. Pa Reaji Twò Brital

Bay anpil atansyon a move konpòtman ka kreye anpil lòt pwoblèm. Fòk you lè ou di timoun ou wan pou li ale oubyen pou fè li kite you teren kote li tap jwe e kote li te gan move konpòtman, sa ap bay you pinisyon pou move kondwit san li pa atire tension sou aktivite ya.

11. Chèche Ed Pwofesyonèl Kan ou Bezwen

Anpil nan timoun ki ap grandi yo va korije tèt yo de pwoblèm konpòtman ke timoun kon abitye genyen yo ak konsèy paran oubyen lòt granmoun a kote yo. Men pou you ti pousantaj timoun, pwoblèm yo pèsiste e menm ka vini pi grav. Asistans pwofesyonèl se yon bon jan resous ki kapab ede anpil nan pwogram pou konbat move kondwit.

12. Se Pou Ni Ou Menm Ni Pitit Ou Wa Genyen Pasyans

Move konpòtman se yon bagay ki rive anpil. Erè se nan nati moun li ye menm epi se pou nou aprann de yo. Epi se you etap kapital nan devlopman yon timoun pou li kapab fè sa. Si chak moun swiv 12 etap sa yo, nòmalman epi ou wè pitit ou wa toujou ap genyen menm move konpòtman, se pou sonje ke timoun ou wa toujou ap aprann lè se timoun li ye. Konsistans ou wa, se pasyans ak renmen ke ou ap bay timoun nan pou li ka vin you granmoun ki djanm.

Sa soti epi li adapte pa Leanne Seaver, Colorado Hands & Voices, depi Thelma Harms Ph.D., University of North Carolina, Chapel Hill

PRAN FÈTÈKÒZ POU PITIT OU



Ou ap tèlman santi ke ou genyen pwoblèm lè ke ou aprann ke timoun ou wan pa tande byen. Timoun ou wan ki pa tande ya, ta dwe al nan konsiltasyon pi vit ke posib pou li konnen kijan sa ye epi pou li pran ti aparèy ki pou ede li tande ya. Ou ap genyen pou travay sou sa ak konpayi asirans ki vap dwe peye tout depans medikal la yo. Pran fètèkòz timoun ou wan mande anpil enèji ak pèsèverans. Ou ka vin dekouraje lè bagay yo sanble pa mache jan ke w ta vle men tou ou ka byen renmen lè ou atenn bi ou tap chache yo.

- **Lalwa**
 - **IDE**
 - **Pati C**
 - **Pati B**
 - **Seksyon 504**
 - **ADA**

Lalwa

Paran yo se yo ki pran defans pitit yo ki tande di oubyen ki soud nèt..

An tan ke paran, ou genyen pou devwa pou atann ou aske moun ki nan domèn nan trete ka pitit ou wa seryezman ak anpil respè. Se dwa ou tou pou deside kisa ki ap pi bon pou pitit ou wa epi pou patisipe nan desizyon ke yo ap genyen pou pran pou li yo. Ou pa dwe aksepte ke you bann pwofesyonèl oubyen ke distri nan you lekòl ofri ou si se pa ta sa ke ou ta vle pou timoun ou wan. Ou ka mande lòt bagay pou ti moun lan, sa ka mande pou ekri lèt, fè kèk kout fil, chache asistans lòt pwofesyonèl, ak al asiste reyinyon pou li. Sa se you travay ki di anpil, ki pa janm fini epi ki gen baboukèt. Se ou menm ki pi bon avoka pitit ou wa kit li se tifi kit li se tigason nan tout karyè tan li ap fè lekòl la.

Genyen anpil kalite fòm lwa ki pase men ki pale de sèvis ak dwa pou tout moun ki tande di oubyen ki soud nèt. An tan ke paran ou dwe konnen tout lwa sa yo.

“Individuals with Disabilities Education Act (IDEA)”

Lwa sa mande ke tout timoun yo dwe resevwa bon jan fòmasyon de leta gratis avèk aksè nan pwogram etid jeneral la ak estanda ki trè elve.

“Part C of the Individuals with Disabilities Education Act”

Pati C ya regle sèvis pou timoun yo ki tou piti yo jiskaske yo genyen twa zan. Bout sa yo enpòtan anpil nan seksyon lwa ki rapòte a sèvis ak sa ki genyen a wè ak sipò ki ka vin rive nan milye natirèl yo. Pou timoun ki donmaje, anpil fwa milye natirèl pa yo se kote ke yo ap viv ansanm ak fanmiy yo. Pou timoun ki vin pa tande ankò yo, anviwonman nòmal yo kapab yon milye kote timoun lan kapab kominike ak lòt moun.

Genyen you seri de okazyon ke timoun nan dwe resevwa kèk sèvis ki pa nan aranjman kominote ya oubyen lakay li ke yo ap bay an tan ke pwogram ki pou trete li bonnè. Sèvis klinik nesèsè sa yo ta dwe youn nan sa ki fè pwogram nan konplè ya ki genyen ladann okazyon pou pitit ou wa patisipe nan tretman nan anviwonman nòmal li (pa egzansp. Lakay li, lakay grann li, nan kote yo ede timoun yo) ak nan kominote ya.

You lòt bagay ki genyen you gwo plas nan Pati C ya IDEA ki se you lwa ki rale sou fanmiy lan ak sou dwa yo pou pran desizyon konsènan sa ki ap pi bon pou timoun yo. Anpil fanmiy baze yo sou pwosesis pou yo pran desizyon sa yo pa Ekip Sipò Fanmiy yo. Yo ankouraje paran yo al chwazi pwogram ke yo santi kap pi bon pou fanmiy yo.

“Pati B de Individuals with Disabilities Education Act”

Pati sa-a regle sèvis ediikasyon pou chak timoun ki genyen ant 3 a 21 an. Pandan si mwa pou pi piti anvan twazyèm anivèsè nesans pitit ou wa, timoun ou wan ki tou piti ya & Pwogram Pou Tretman Bonè Timoun Piti yo pral fè you referans fòmèl nan zòn lekòl li ya. Bagay sa pral lanse pwosesis la pou ka konnen si pitit ou wa va resevwa sèvis edikasyon espesyal sa-a kòm etidyan lè li va gan twa zan.

Lè yo aksepte timoun nan pou li pran sèvis edikasyon espesyal la, sa pral baze sou de kesyon. Premye ya, si yo wè ke pitit ou wa vin pa tandè ankò, sa pral vin afekte kapasite li pou li aprann epi dezyèmman sa pral bezwen ke yo bali you edikasyon ki fèt espesyalman pou sa. Timoun sa-a pral kapab resevwa sèvis nan lekòl ki nan zòn nan lè li va genyen twa zan. « Timoun yo & Pwogram Pou Tretman Bonè Timoun Piti yo » pral travay avèk ou ansanm avèk lekòl nan zòn lan pou li ba w sèvis yo. Wa ka jwenn you ti gid ak you kasèt videyo ki esplikè pwosesis sa-a nan “Department of Education Clearinghouse Information Center” (Sant Enfòmasyon Depatman Edikasyon) an, nan adrès entènèt sa-a www.firn.edu/doe/commhome/. Plan pou chanjman montre ki aktivite ki pou fèt pou ka wè oubyen pou ka devlope you pwogram ki bon pou pitit ou wa. Epi pou fini, pwogram lekòl pou timoun nan, sèvis ak sipò yo kapab montre nan you dokiman ke yo rele Plan Edikasyon Endividyèl oubyen PEE (Individualized Educational Plan or IEP). Kèk atik ke ou ta dwe jwenn ki antre nan PEE se:

- Bezwen ekipman (pa egz., sistèm FM ki bay timoun nan aksè pou li tandè sa pwofesè ya ap montre menm a you distans ki plis pase 3 pye oubyen menm lè genyen bri ki ap fèt nan klas la)
- Sistèm akoustik nan klas la (plan lekòl yo, klas yo ak sistèm ki pou bay van yo, oubyen lòt aktivite ki fè bri yo. Bagay sa yo anpeche ke timoun nan ki te deja tandè di ya konprann sa yo ap aprann li a loral yo, menm si yo sèvi ak you sistèm FM).
- Filozofi pwogram nan (sa vle di, pale-tandè ya, kominikasyon total)
- Antrenman ki nesèsè pou pèsonèl la ak pou terapès yo
- Nivo sipò ke ou te bezwen
- Interaksyon ak lòt yo ki genyen ladan you timoun yo ki pa tandè yo.

“Atik 504 nan Reyabilitasyon nan Lwa 1973”

Se pou li asire tout moun ki donmaje jwenn tretman oubyen sèvis espesyal nan lekòl ak lan fòmasyon yo. Menm si yo pa kapab ale nan Pati B ya, lekòl yo kapab fèt pou ba yo sèvis sa yo jan ke Atik 504 nan Reyabilitasyon nan Lwa 1973 mande yo fè li.

“Americans with Disabilities Act of 1990 (ADA)”

Se pou asire tout moun ki andikape yo kapab gan aksè a manifestasyon, espas ak opòtinite piblik yo. Fanmi yo konn wè anpil fwa ke lwa ADA ede yo jwenn asistans pou yo patisipe nan resous kominote ya tankou aktivite rekreyasyon oubyen aktivite pran swen timoun.

Si ou genyen you asirans prive, ou ta dwe verifye kisa lap peye pou depans tretman timoun lan tankou konsiltasyon tandè, ti aparèy ki ede li tandè yo, sèvis ki ap swiv yo, ak pawòl/ langaj/terapi pou pale. Li kapab nesèsè pou ou pou aprann konpayi asirans yo epi/oubyen moun ki anlwaye ou wa poutèt pou ka jwenn asirans ke ou bezwen pou pitit ou wa,

KONKLIZYON




Pou fanmiy ki genyen timoun piti ki pa finn tande byen, se you moman kote ya jwenn anpil enfòmasyon epi ya montre yo kijan pou yo sèvi ak enfòmasyon-an, paske ya gan pou pran plizyè desizyon. Ou genyen anpil chwa pou fè pou pitit ou. Ekip pwofesyonèl ou wa ap kapab ede w pran bon jan desizyon ak asiste fanmiy ou. Sonje ke se ou menm ki konnen kisa ki pi bon pou pitit ou ak pou fanmiy ou.

“The Florida Infants & Toddlers Early Intervention Program” kidonk Pwogram Tibebe yo Ak Tretman Bonè Pou Timoun Piti yo, ki nan leta Laflorid la pare pou li travay ak fanmiy yo pou devlope èd ak sèvis ki ap satisfè tout timoun nan chak fanmiy. Pwosesis sa-a, te pran an konsiderasyon sityasyon timoun-lan ak fanmiy li, sa yap fè, sa ke fanmiy lan genyen, resous li, epi tou li la pou li ede fanmiy yo wè kijan yo pral aji nan lavni.

You fwa ke yo idantifye ke timoun ou wan pa tandè ankò, li enpòtan pou fè li fè ekzamen pou gade si li wè byen. Anpil fwa, lè yo pa wè ankò mache ak pa tandè ankò. Kèk kòz, oubyen kèk sendròm ki fè ke ou pa tandè ankò se menm yo ye ak sa ki fè ke ou pa wè ankò yo. Yo mande pou timoun nan fè you ekzamen tandè yo ak ekzamen je yo regilyèman. Wè byen enpòtan anpil paske timoun ki soud trè souvan sèvi ak je yo pou ede yo konprann sa kap pase.

Pou fanmiy ki genyen timoun ki vin pa tandè ankò yo, nan premye mwa apre ke yo vinn dekouvri sa, lè sa genyen anpil enfòmasyon ke yo ap jwenn epi yo ap konnen kisa pou yo fè. Genyen anpil metòd pou trete you timoun ki pa tandè ankò. Moun yo ki kwè ke you metòd pi bon pase you lòt yo kapab genyen anpil pasyon konsènan kwayans sa-a. Sepandan, li enpòtan pou fanmiy timoun-lan pran ransèyman nan men anpil pwofesyonèl ki la pou trete moun ki tandè di yo oubyen moun ki pa tandè ankò yo. Bagay sa ap ede yo pran meyè desizyon pou tèt pa yo ak pou pitit-yo. A la long, lè timoun-lan ap grandi, ou ka vle chanje desizyon ou te deja pran-an. Itilize sèvis “The Florida Infants & Toddlers Early Intervention Program”-lan pou chache enfòmasyon, epi pou kapab poze kesyon sou enfòmasyon ke ou jwenn nan. Objektif nou se ede fanmiy yo pou satisfè bezwen timoun ki pa tandè ankò epi kreye kondisyon pou timoun yo devlope ak grandi kòm sa dwa.

KÈK DEFINISYON



Genyen anpil bagay pou konnen konsènan lè moun vin pa tandè ankò epi seksyon sa ta dwe ede aprann tèminoloji ak mo sa yo. Moun ki pa tandè yo genyen anpil espresyon ak you valè mo ke lòt moun pa konn abitye sèvi.

ABR / AUDITORY BRAINSTEM RESPONSE – *Se you analiz ki pa twò gwo ki pèmèt ou mezire repons yo ak you bagay ki ap fòse tande pa you dechay ke li ap bay newòn yo ak nè sèvo wa ki pou pèmèt ou tande. Analiz sa ap kapab di ou si sèvo wa detekte yo, menm si se nan ka you timoun ki toupiti.*

ACOUSTIC FEEDBACK – *Ti bri ki retounen sou ou sou fòm pike epi ki fò wa fèt kan ou resèvi ak mikwo wa nan you sistèm anplifikasyon, tankou you sistèm adrès piblik oubyen you ti aparèy ki pou ede ou tande.*

ACOUSTICS – *Konsènan bri yo, se lasyans tande ya oubyen se lasyans ki etidye zafè bri. Anpil fwa yo konn di se lasyans ki etidye kalite anviwonman ki ap tande ya.*

ACQUIRED HEARING LOSS – *Moun ki pa tande, men ki pat konsa lè yo te fèt.*

ADVOCACY – *Limit sa fè paran yo konnen wòl yo antan ke gadyen ki ap jwe nan devlopman ak nan siveye pwogram edikatif pitit yo wa. Se pou fè avoka pitit ou wa sa vle di se pou konnen kisa ki dwa asire ou pa lalwa epi pou patisipe byen fon nan desizyon ki pou asire ou ke sèvis yo bayjan ke ou te vle ya pou devlopman edikatif pitit ou wa.*

AMERICAN SIGN LANGUAGE (ASL) – *Se you lang kote moun yo kominike pa siy, kèk espresyon ak kèk jès, alye ke yo fè yo diskou jan lòt moun yo konn pale ya. ASL la sa you lang ki genyen pwòp zafè pa li ki pa genyen okenn lyezon ak angle ke yo ekri ya oubyen sa yo pale ya. Li geyen you sèl gramè ak sentaks pa li.*

ANALIZ TANDE YA – *Analiz la ba ou you repons klè wi/non sou kesyon ke ou poze ya, “Eske moun sa pa tande tout o mwens èske se nan you sèten degree ke li tande nan son ke nou lanse yo (frekans)? Moun ki echwe yo nan analiz yo, genyen bezwen plis ekzamen tande pou yo ka wè si li genyen you pwoblèm nan tande li.*

ANPLIFIKASYON – *Lè yo sèvi ak ti aparèy ki pou ede ou tande ya ak kèk lòt bagay elektwonik ki pou ede ou ogmante volim bri yo de fason pou ka tande yo ak plis fasilite epi pou kapab konprann yo.*

ASSISTIVE LISTENING DEVICE (ALD) – *Nenpòt kalite ti aparèy elektwonik ki pou ede ou tande, kit li se aparèy pèsonèl ki pou ede ou tande ya, kit se sistèm FM, kit se antre espesyal pou telefòn oubyen televizyon yo, ak alam yo epi ak siyal anplifye yo ki disponib pou ede moun ki soud yo ak moun ki tande di yo pou vin fè yo tande pi byen, fè yo adapte yo a anviwonman yo wa, epi ranpli fonksyon yo pi byen nan sosyete ya.*

ATONAL – *Li fè referans a kalite vwa ki manke nan enfleksyon tradisyonèl; yo, nan modilasyon yo, nan tonalite mizik yo oubyen nan amoni yo.*

AUDIOLOGICAL ASSESSMENT / AUDIOLOGIC EVALUATION – *Se you analiz ke you doktè zòrèy pou li kapab dekouvri nan ki pwen pitit ou wa tande nan diferan frekans (ke yo ba li yo), epi ak kèk rekòmandasyon pou si aksyon ki anplis ou ki pa anplis ki pa endike.*

AUDITORY-ORAL – *Se you apwòch ke yo fè ki montre ou kijan pou timoun nan tandè epi pale pandan ke li ap devlope kapasite tandè rezidyèl li epi li ap anplwaye tandè ya tankou you kanal prensipal pou li ka jwenn liskou ak lapawòl. Objektif bagay sa pou timoun yo se, byen bonè epi fè sa anpil, pou kapab devlope lapawòl natirèl ak grandi ak kalifikasyon nan zafè lekòl yo ki fèt pou sa yo, epi pou pou devlope yo jiskaske ou rive mennen manm endepandan yo ak kontribiyon nansosyete ya.*

AUDITORY TRAINING – *Pwosesis la se fòmè you tandè rezidyèl de moun ki ak tout konesans yo, ki ka idantifye, epi ki ka entèprete you bri. Bagay sa konn abitye genyen ladann you teknoloji ki ap de ou (swa you ti aparè ki pou ede ou tandè oubyen you kokleè ke yo mete pou ou) epi fòmasyon wan se pou idantifye ak entèprete bri yo kòrèkteman.*

AUDITORY-VERBAL – *Filozofi tandè-pale ya genyen sipò dwa timoun yo ak tout degre ki genyen lè yo vin pa tandè ankò wa yo pou yo devlope kapasite yo genyen pou yo tandè ak pou yo pale nan lang ke tout moun ap pale ya. Fason ke yo ap trete chak moun apa anplwaye kèk paran pou yo kòmanse devlope langaj nan you premye tan kay timoun nan yo ki pa pale yo oubyen ki pa tandè yo. Objektif la se pou timoun ki pa tandè yo grandi na you anviwonman kote ke yo ka etidye epi viv nòmalman pou yo kapab vini demen sitwayen ki endepandan epi ki ap kontribiye na sosyete ya. Moun ki okipe li de pale-tandè ya ki ap fè tretman se you edikatè ki kalifye pou zafè timoun ki vin pa tandè yo, moun sa se you doktè epi/oubyen ki konn trete maladi na lang ke yo pale yo ki sipòte apwòch Tandè-Pale ya.*

AUDYOGRAM – *Se you chema ki montre kapasite moun yo pou yo detèmine kèk lansman diferan (frekans yo) nan diferan volim (entansite yo) de bri ke yo anrejistre yo.*

AURAL (RE) HABILITATION – *Fòmasyon sa fèt pou ede moun ki pa tandè yo oubyen pou timoun yo ki pa tandè akòz you bagay yo genyen devan lang yo pou yo aprann sèvi ak tandè rezidyèl la. Fòmasyon wan ka genyen ladann devlopman kapasite yo, pou ka konprann sa moun ap di lè ou gade bouch li, devlope langaj ak bay kèk konsèy psikolojik pou moun yo ak pou fanmi yo.*

BEHAVIORAL OBSERVATION AUDIOMETRY – *Evalyasyon repons bri you jèn timounkote ke ou ap obsève konpòtman espesyal ke li genyen kan bri yo ap fèt nan you kote ki genyen bri ladann tou.*

BILATERAL HEARING LOSS – *Ou pa tandè ditou ditou nan tou de zòrèy ou.*

BILINGUAL / BICULTURAL – *You fwa li fasil paske se nan de lang de kilti tankou (lang yo konn abitye pale ya) epi kilti ya se kilti moun ki soud yo (Lang Siy Amerikèn).*

BODY AID – *You inite ki pou pèmèt ou anplifye sa ou pote sou kò ou yo ak fil ki ale jis tandè ou yo. Li fè ou tandè sa ki fèt yo pifò ki se (pisans) epi li diminye tout ti bri anba anba ki pike yo pou moun ki ki pa tandè ditou ditou yo ki grav yo. Prensipalman sèvi sèlman nan kèk sitiyasyon espesyal kote ke ti aparèy yo ki pou ede ou tandè yo nannivo zòrèy yo pa kapab sèvi.*

BONE CONDUCTION – *Son yo se zo tèt ou ki pèmèt ou resevwa yo. Tande pa kondiksyon zo wa dwe wè kèk devyasyon ki genyen nan zòrèy ekstèn nan ak nan zòrèy mwayèn nan epi fòse dirèkteman kokleè ya an pasan pa kèk vibrasyon pa zo tèt la.*

BRI NAN ZON NAN – *Bri ki soti anba anba yo, ki ap monte son prensipal la.*

CHRONOLOGICAL AGE / ADJUSTED AGE – *Laj kwonolojik se kijan timoun piti ap vin gran oubyen se timoun nan ke yo baze sou dat nesans li. Yo fè bagay sa parèt tankou se you bann timoun ke yo ap soutni ansanm. Si you tibebe fèt anvan lè anvan nèf mwa, devlopman li yo kapab mezire li ak laj li sanble ya. Laj li sanble ya ap teni kont de peryòd ant lè li te fèt la ak lè ke li ta dwe fèt la. Lè nou gade bagay sa yo sa ba nou you refleksyon pi klè de kisa pwogrè devlopman tal de timoun piti yo ta dwe ye. Laj lisansib genyen yan anpil fwa pa nesèsè kan timoun piti ya vin genyen de zan. Laj ajiste pou li tandè ya pral mache ak konbyen tan you timoun te anplifye epi li te relye li ak esperans sou devlopman tandè ya ak lapawòl la.*

COCHLEAR IMPLANT – *Se you operasyon chirijikal ke yo fè pou yo mete you ti bagay elektwonik pou fòse nè ki fen yo nan zòrèy entèn nan (Kokleè) poutèt pou moun ki pa tandè byen yo ka tandè tout ti bri ak pawòl ke lòt moun ap pale yo.*

COGNITIVE – *Fè ou panse a kapasite pou panse, pou aprann ak pou sonje.*

CONDITIONED PLAY AUDIOMETRY – (CPA) – *Pandan ke yo ap jwe odyometri ya timoun yo ap ede doktè ki ap ede yo tandè konprann règ pou li jwe yo se you jwèt ki baze sou you repons ki baze sou you ti bri. Pa ekzanp kan timoun nan prezante ak you ti bri tifi oubyen ti gason sa dwe kite you bout nan nan veso wa, ki di ki bri ke li te tandè ya. Jwèt odyometri ya yo sèvi ak li anpil fwa timoun nan pako genyen 18 mwa.*

CONDUCTIVE HEARING LOSS – *Lè timoun nan de jou an jou ap tandè pi ba, ki rive akòz ke li manke rive nan zòrèy entèn nan pa kanal nòmal de wout lè zòrèy ekstèn nan ak pa zòrèy mwayèn nan. Kay timoun yo, lè yo pa tandè you ka geri, epi anpil fwa se otit yo ki te lakòz.*

CONGENITAL HEARING LOSS – *Lè timoun nan pa tandè depi li te fèt, oubyen li vin pa tandè nan premye jou li te fèt yo.*

CONTENT – *Fè ou panse a vokabilè. Timoun yo kapab konprann kèk mo òdinè tankou tas la ak soulye ya, men yo ka pa kapab konprann kèk mo ki pi fò, ki pi sofistike tankou yo vè, you kilbitè, you tas sipi, you bòt, you pouswa oubyen bagay ki pou sere kab yo.*

CUED SPEECH – *Se you sitèm nan bouch ki sèvi ak fòm men ou li kapab fè moun konprann sa ki ap soti nan bouch lòt moun ki ap pale ya. Mòd de kominikasyon sa bay moun ki pa tandè ya kèk endis anplis konsènan bri ke opalè ya fè ya, men se pa you lang li ye (menm jan ak ASL la).*

DECODER – *Se you bagay ki genyen ladann you pis elektwonik oubyen ki ka montre kèk lejann ki fèmnen nan you pwogram televizyon oubyen kasèt video kode. Epi yo konn rele li tou you adaptè telekapchon.*

DESIBEL: (dB) – *Se you inite de mezi ke yo sèvi pou mezire entansite you son. Plis genyen plis desibèl se plis ou ka tande bri ya pi fò. Gam pou tande nòmal la soti nan 0 dB (ti bri ki byen ba yo) pou rive nan 120 dB (ki se pi wo ki pa bon pou wou wa). Yo di ke you moun soud se lè li pa kapab tande you ti bri ki pi piti ke 16 dB*

DETECSYON – *Se kapasite ke ou genyen pou tande you ti bri oubyen pou pa tande okenn ti bri. Se sa ki bagay ki pi enpòtan. Kapasite ou genyen pou distenge, pou idantifye, pou rekonèt, ak pou konprann bri ya, tout bagay sa yo kontwole baz deteksyon bri yo.*

DOKTE KI OKIPE LI DE ZOREY – *Se you moun ki genyen you diplòm epi ki konnen kijan pou geri moun ki malad, oubyen ki pa tande ankò nan zòrèy yo. Doktè sa yo lè pou yo trete ou, yo distribye kèk ti aparèy ki pou ede ou tande ak kèk lòt bagay ki bon pou ka tande.*

DOKTE POU PWOBLEM LANGAJ (SLP)– *Se you moun ki travay ak moun ki genyen you pwoblèm you kote espesyal nan sektè pawòl la ak nan lang li. You SLP se you moun ki genyen diplòm pwofesyon wan. Anpil nan SLP yo rete travay ak moun ki pa tande sèlman men yo kapab genyen kèk lòt fòmasyon oubyen kèk lòt esperyans.*

EARMOLD – *Se you ti bagay ke yo fè an plastik oubyen an vinil pou mete nan zòrèy sou kòmman ki sanble ak kanal kote yo konn mete ti aparèy ki pou ede ou tande ya oubyen you sistèm FM ke yo met nan kanal zòrèy.*

ED TAKTIL YO – *Se you seri de aparèy ki ap asiste kominikasyon wan ki ap emèt kèk vibrasyon oubyen you siyal “tactile” ki endike ou ke genyen prezans you oubyen anpil son. Ou mete ti aparèy sa sou kò ou epi depi genyen you son li deklannche sans kontak la oubyen you santiman ke ou genyen you enfòmasyon ki ap rele ou men ke you moun ki vin pa tande pap ka tande. Sans kontak sa pa distenge diferans ki fen yo byen menm ak si se te sans tande ya oubyen sans wè ya.*

ELIGIBILITY – *You timoun dwe kapab detèmine kèk sèvis edikasyon espesyal, ki baze sou kèk bagay espesyal de moun ki pa tande epi ki montre ke yo genyen you lòt pwoblèm oubyen you reta nan youn oubyen anpil kote nou pral di la yo:po je yo, kapasite motris yo, konpòtman sosyal/ki ka adapte, kèk kalifikasyon ke ou ka wè, kèk kalifikasyon pou komonike.*

ENTENSITE – *Volim bri ya, se an desibèl ke yo mezire li (dB).*

ENTEPRET EDIKATIF – *Se you moun ki kapab fè kèk entèprtasyon konvansyonèl, epi tou li genyen tou kèk kalite espesyal pou li travay nan you anviwonman edikatif.*

ENTONASYON – *Aspè pawòl la konpoze nan chanjman efò ak jis kote ke vwa ka rive ya.*

ESPESYALIS NAN ZAFE RESOUS FANMIY (FRS) – *Moun ki anplwaye pa pwogram EI ki nan zòn nan ki santre pa fanmiy ki nan zòn nan ki ap ede kèk fanmiy timoun yo ki nan sistèm entèvansyon bonè ak enfòmasyon epi apyi, epi tou li ap genyen*

ladan li tou you pòsyon tankou you lyen ke kominote ya genyen pou li soutni efò ak aktivite nan pwogram EI nan zòn nan.

EXPRESSIVE LANGUAGE – Kijan you moun kapab fè you mesaj pase pa nenpòt ki metòd oubyen mwayen de kominikasyon ki genyen yo.

FAMILY SUPPORT PLAN (FSP) – Adrès FSP yo: 1) fòs yo, bezwen yo, se premye sousi ak priyorite fanmiy yo; 2) idantifye sèvis sipò ki disponib yo pou ka wè ak satisfè bezwen yo; epi 3) bay fanmiy yo dwe ya pou li pou li kapab satisfè bezwen devlòmantal yo pou timoun piti yo ak pou timoun ki pa fin kòrèk yo. FSP ya se you plan ki ekri men ki dwe devlope pa paran yo oubyen pamoun ki ap dirije antre you ekip ki genyen plizyè disiplin. Se pou refere ou a Pati C ya.

FINGERSPELLING – Fingerspelling lan se you seri ki estanda ke ou ka kenbe pou li defini mo yo pou ou. Chak lèt genyen pwòp fòm pa li. Dabitid yo sèvi avèk li lè yo pa ka sèvi ak akenn siy pou you mot patikilye.

